**O’zbekistan Respublikasi Xaliq ta`lim Ministrligi**

**A’jiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedagogikaliq instituti**

**Fizika-matematika fakul`teti**

« ***Miynet ta’limi*** » kafedrasi

***Miynet ta’limi qa’niygeligi .***

# *Pitkeriw qa`niygelik jumısı*

***Tema.*** Ka`rxanalarda ha`m oqıw orınlarında insan o`miri qa`wipsizligin qorg`awdın` o`zine ta`n bolg`an o`zgeshelikleri



**Orinlag’an`:** **A. Eshimbetov**

**Ilimiy basshi:** **dots. B. Ibragimov**

**Kafedra baslig’i`** **dots. B. Ibragimov**

***No`kis-2014 j***

## Reje:

Kirisiw

1. Insan o`miri qa`wipsizligi haqqında tu`sinikler ha`m anıqlamalar.
2. O`mir qa`wipsizliginin` huqıqıy tiykarları
3. Ka`rxanalarda o`rttin` aldın alıw ha`m og`an qarsı gu`resiw sharaları
4. Partlaw qa'wipi boyinsha bo'lmelerdin' gruppalari
5. O'rt qa'wipi boyinsha bo'lmelerdin' klassifikatsiyasi
6. O`mir ushın qa`wipli jag`daylar tuwılg`anda ha`m bolg`anda xalıqtı evakuatsiya qılıw jollari.
7. Baqıtsız ha`diyselerde birinshi ja`rdem ko`rsetiw
8. Jaraqatlang'anda ha'm zahim jegende birinshi ja'rdem ko'rsetiw.
9. Elektr tog'inan jarahatlang'an adamg'a birinshi ja'rdem ko'rsetiw.
10. Ku'ygende ha'm suwiq urg'anda birinsh ja'rdem ko'rsetiw.
11. Za'harlengende birinshi ja'rdem ko'rsetiw

Bir saatlıq is jobası

Juwmaqlaw

Paydalang`an a`debiyatlar

## Kirisiw

Ma`mleketimizde g`a`rezsizligimizdin` da`slepki jıllarınan aq puxaralardı sonday aq isshi ha`m xızmetkerlerdin` sotsiallıq jag`dayın jaqsılaw, olardın' turmıs da`rejesin arttırıwg`a, islew sharayatların texnika qa`wipsizligin ha`m sanitariya talapları da`rejesindegi tiykarın jaratıwg`a u`lken itibar qaratılıp kelinbekte. Bilimlendiriw barısında ken` qamrawlı reformalar a`melge asırılmaqta. Qabıl qılıng`an «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri», «Ta`lim tuwrasindag'i nızamlar tiykarında bilimlendiriw tarawında u`lken jetiskenliklerge erisildi. Ta`lim mazmuni tu`pten jaqsı ta`repke o`pzgeriwge ju`z tutpaqta. Ta`lim sistemasının` barlıq bag`darında en` zamanagoy oqıtıw qurallari paydalanilmaqta. Islep shig`arıw ha`m en` qudretli, zamanagoy islep shıg`arıw quralları menen ta`miyinlenbekte. Sotsiallıq o`mir ta`rzi rawajlanbaqta. Ma`mleketde qabıl qılıng`an «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri», «Ta`lim tuwrısında»g`ı nızam ta`lim sisteması mazmunın tu`pten o`zgertip jiberdi.

Sonın` ishinde joqarı oqıw rejelerine ha'zirgi zamon ha`m o`mir talaplarınan kelip shıg`ıp u`lken o`zgerisler kiritildi. Jas kadrlarg`a ha`r bir tarawda teren` ha`m ken` ko`lemli mag`liwmat beriw,olarg`a berilgen bilim islep shıg`arıwda da ja`miyetde de o`z ko`rinisin a`hmiyetliligin joytpaytug`ın bolıwına ha`m olardın` bilim da`rejeleri dun`ya ta`lim standartları qoyg`an talapqa juwap beriwine u`lken a`hmiyet qaratılmaqta.

Zamanagoy o`mirdegi islep shıg`arıw jedelligin jetik kadrlarsız a`melge asırıw mu`mkin emes. Ha`r bir tarawda insan o`miri, onın` qadir-qımbatı birinshi orıng`a qoyılıp jumıs jaqsı sho`lkemlestirilgen jerde jetiskenlikler a`lbette boladı.

Insan tuwılıwı menen jasaw, erkinlik ha`m baxitqa umtılıw huquqına iye boladı. Insan o`zinin` jasaw, dem alıw, den sawlıg`ı haqqında qayg`ırıw, qolay do`gerek a`tirap, qa`wipsizlik ha`m gigena talaplarına juwap beretug`ın miynet sharayatında islewge bolg`an huquqların o`mir qa`wipsizligi barısında a`melge asıradı. Insannin' bunday huquqları O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyasında ko`rsetilgen.

***O`mir qa`wipsizligi***– bul insannın` kundelikli jasawı, dem alıwı ha`m jasaw ta`rizi boladı.

Insan o`miri barısında onı orap turg`an barlıq ortalıg`ı menen u`zliksiz baylanısta boladı ha`m sol menen birge ha`r dayım onı orap turg`an ortalıqqa baylanıslı bolıp kelgen ha`m sonday bolıp qala beredi. Insan sonın` ushın da o`zin orap turg`an ortalıg`ı qatarına azıq-awqat, hawa, suw, dem alıw ushın za`ru`r materiallıq bo`leksheler ha`m basqalarg`a bolg`an za`ru`rligin qanaatlandıradı.

***Qorshag`an ortalıq***– insannın` qorshap turg`an ortalıq bolıp, insannın` o`mir qa`wipsizligine, onın` den sawlıg`ı ha`m na`sline tuwrıdan-tuwrı, birden ta`siri yamasa aralıqtan ta`sir etiwine qa`biletli printsiplerdin` (fizikalıq, ximiyalıq, biologiyaliq, informatsiyaliq, sotsiallıq) sha`rtli jıyındısı bolıp esaplanadı.

Insan ha`m do`gerek-a`tirap u`zliksiz o`z-ara ta`sirde bolıp, barqulla ha`reketdegi «Insan – do`gerek a`tirap» sistemasın payda etedi. Dun`yanın` evolyutsion barısında bul sistemanı sho`lkemlestiriwshiler u`zliksiz o`zgerib baradı. Insan jetilisti, jer sharının` xalqı ha`m onın` ag`ımı o`sedi, ja`miyetdin` sotsiallıq tiykarlari o`zgeredi. Do`gerek-a`tirap o`zgeredi: insan o`zlestirgen jer ju`zi ha`m jer astı aymag`ı ken`eyedi; tabiiy tabiyat sharayatı insaniyat ja`miyetinin` o`sip baratırg`an ta`sirin bastan o`tkermekte, insan ta`repinen jasalma jaratılg`an turmıslıq, qala ha`m o`ndiris orayı payda boladı.

Tabig’iy ortalıq o`zi jeterli bolıp,insan qatnasıwısız erkin payda bola aladı ha`m rawajlana aladı. Insan ta`repinen jaratılg`an basqa barlıq ortalıq erkin rawajlana almaydı ha`m olar payda bolg`annan son` go`nerip ha`m jemiriliwi mu`mkin.

Insaniyat o`zinin` da`slepki rawajlanıw basqıshında ta`big’iy do`gerek-a`tirap menen o`z-ara jaqın ha`reket qıladı. Do`gerek-a`tirap tiykarınan biosfera, jer astı, gallaktika ha`m sheksiz koinotdan payda boladı.

***Biosfera***-ha`mme tu`rdegi organizmler, sonın` ishinde insan jasaw mu`mkin bolg`an do`gerek-a`tirap bolıp, ol quramalı du`zilistegi jer sharının` a`hmiyetli qatlamı. Biosfera bir neshe milliard jıllar dawamında payda bolg`an. Alımlar biosferanın` bo`lekshelerin planeta boyınsha ha`reketin ta`miyinlewshi ayrıqsha,

global ekosistema sıpatında qaraydı. Ha`zirgi a`sirde o`mir jer qatlamının` joqarı (litosfera) bo`leginde, jerdin` to`mengi hawa (atmosfera) qabıg`ında ha`m jer sharının` suwlı qabıg`ı (gidrosfera) da tarqalg`an. Bul usı menen tu`sindiriledi, litosferada jer astı suwlardı ha`m taw sho`gindilerinde teren`liktin' a`ste-aqırın artıp barıwı menen temperatura da artıp 2 km dan, 16 km teren`likte, 100 $^{o}$S ha`m joqarı ( vulkan ha`reketlik zonasında bolsa, 200 den 1500 $^{o}$S qa shekem) nı payda etedi.

Jerdin` betinde o`mirdin` kontsentratsiyası ha`m ha`reketi en` jrqarı boladı.

Insan evolyutsiyası barısında o`zinin` azıq-awqat, sotsiallıq baylıq, klimat ha`m hawa-rayı ta`sirinen qorg`anıw, o`zine qolaylıqtı asırıw boyınsha talapların jedellirek qanaatlandırıwg`a umtılıp ta`big'iy ortalıqqa birinshi orında biosferag`a u`zliksiz o`z ta`sirin o`tkeredi. Bul maqsetke jetiw ushın ol biosferanın' bir bo`legin texnosfera iyelegen jerge aylandıradı.

***Texnosfera*** - o`tmishte biosferag`a tiyisli bolg`an keyin insanlardın` o`zinin` sotsiallıq ha`m ja`miyetlik-sotsiallıq talapların ja`nede jaqsılaw maqsetinde tuwrıdan tuwrı yamasa sırtdan texnikaliq qural menen tasir etetug'in aymaq bolip tabiladi.

Texnosfera insanlar ta`repinen texnikaliq qurallar ja`rdeminde jaratılg`an qala, qog`anlar, awıllıq punktleri, sanaat ha`m ka`rxanalar zonası ba`nt etken aymaqlar bolıp esaplanadı.

Insan o`mir qa'wipsizligi barısında tek g`ana tabig'iy ortalıq emes ba`lki, ja`miyetlik ortalıq dep atalıwshı adamlar menen de u`zliksiz baylanısta boladı. Insandı ja`miyetlik ortalıq penen baylanısının` payda bolıwın dawam ettiriw, bilim, ta`jriybelerdi almastırıw, o`zinin` ruwxiy talapların qanaatlandırıw, intellektual qabiletlerin asırıwda paydalanıladı ha`m rawajlanadı.

Zamanagoy industrial ja`miyette insan do`gerek-a`tirap komponentlerin (biosfera, texnosfera ha`m ja`miyetlik ortalıq) penen o`z-ara ta`sirde boladı. Insan ta`big'iy do`gerek-a`tirap u`zliksiz ta`sir etse, o`z na`wbetinde biosfera ha`m insannın` talaplarınan kelip shıg`ıp onın` u`zliksiz fizikalıq ha`m aqlıy iskerliginin` na`tiyjesi bolg`an texnosfera, ja`miyetlik ortalıq ha`m insang`a tuwrıdan-tuwrı

yamasa sırttan  u`zliksiz ta`sir etedi. Joqarıda aytılg`anlar tiykarında to`mendegishe sheshim shıg`arıw mu`mkin:

1. Zamanagoy insan onı orap turgan a`tirap-ortalıqtın` payda etiwshileri yag`nıy, ta`big'iy, texnogen (texnosfera) ha`m ja`miyetlik ortalıq penen u`zliksiz o`z-ara ta`sirde boladı;

2. XIX a`sir aqırınan baslap ha`m XX a`sir dawamında texnosfera ha`m ja`miyetlik ortalıq u`zliksiz rawajlanbaqta, bug`an sol tarawda insan iskerligi arqalı o`zgertilgen u`leslerin ashıp berip atırg`anı da`lil bolıp esaplanadı;

3. Texnosferanın` rawajlanıwı ta`big'iy ortalıqtı o`zgertiw esabınan a`melge aspaqta.

Zamanagoy o`mir insanlardın` ja`miyetlik darejelerinin`  joqarılawı menen birge olardın` tınıshlıg`ına, den-sawlıg`ına ha`m miynet qa`wipsizligine qa`wip salatug`ın a`meller sanı da artıp barmaqta. Belgili sharayatda olardın` insanlardın` ruxıy jag`dayına, organizmine keri ta`sirin ko`rsetiwi ha`mmege belgili . Sol sebepli insanlardı tek olardın`  aqlıy yaki  fizikalıq miynet iskerligi dawamında ba`lki, jasaw jerinde, jolda ha`m barliq jag`daylarda  qa'wipsizlikti, miynet qa`biletin ha`m jumıs o`nimdarlıg`ın  ta`miyinlew, menen den sawlıg`ı haqqında qayg`ırıw ma`selelerin jaqsı ta`repke burıw ju`da` a`hmiyetli ma`selelerden biri.

Berilgen  ma`selelerdi tuwrı sheshiwde o`mir qa`wipsizligi pa`ninin` ornı, onın` teoriyalıq mag`liwmatları menen bolajaq qa`niygelerdi  qurallandırıw mashqalalardı ja`miyetlik o`mirde ilajı barınsha tuwrı  sheshiwine ja`rdem beredi.

Adamlardın` turmıs ha`reketi qa`wipsizligi ma`mleketimizdin`  ekonomikalıq ha`m sotsial siyasatının` en` a`hmiyetli bag`darlarının` biri bolıp esaplanadı. Ka`rxanalarda, ja`miyetlik ha`m fermerlik xojalıg`ında barliq mashina traktor parklerinde qa`wipsizlik ha`m ziyansız texnologiyalıq protsessler, a`sbap-u`skeneler ha`m texn'kalardin' jan`a tu`rleri usınılmaqta. Olar qa`wipsizlik talapların itibarg`a alınıp islep shıg`ılg`an. Islep shıg`arıwdın` texnikalardın` qa`wipsizlik jag`dayı u`stinde ma`mleket, ka`rxana ha`m ja`miyetlik qadag`alaw ornatılg`an.

Puxaralardin’ ha`r tu`rli ko`rinistegi ayrıqsha jag`daylar ha`m apatshılıqlardan saqlaw ruwxında ta`rbiyalawg`a bag`darlang`an. Usı ko`z qarastan kelip shıg`ıp xalqımızdı dushpan ta`repinen bolatug`ın ha`m ishki, ha`m sırtqı ta`sirlerden saqlaw, ha`zirgi ku`nnin` en` tiykarg`ı wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı, ekinshi ta`repten bizin` u`lkemiz ta`biyg`ıy apatshılıqlar bolıwına qolaylı u`lke bolg`anlıg`ınan ha`mde texnogen avariyalar, katastrofalar ha`m ekologiyalıq ten` salmaqlıqtın` buzılıwı na`tiyjesinde olardın` aqıbetlerinen puxaralardı, xalıq xojalıg`ı tarawlarının` materiallıq resursların, texnologiyanı ha`m ta`biyattı asıraw, zıyan ko`rgen aymaqlardı qutqarıw ha`m tiklew jumısların alıp barıw en` tiykarg`ı ma`seleler bolıp esaplanadı.

# 1. Insan o`miri qa`wipsizligi haqqında tu`sinikler ha`m anıqlamalar

Miynet etiw protsessinde adamnın` qa`wipsizligi, salamatlıg`ı ha`m islew qa`biletin saqlawdı ta`miyinlewshi nızamlar sisteması ha`mde olarg`a tuwrı keletug`ın ekonomikalıq, sho`lkemlestiriw, texnikalıq, gigenalıq ha`m emlewdin` aldın alıw ilajları ha`mde quralları to’mendegishe:

*Qa`wipsizlik texnikasıı* – bul islep shıg`arıwdag`ı qa`wipli faktorlardın` jumısshılarg`a ta`sirinin` aldın alatug`ın sho`lkemlestiriw ilajları ha`mde texnikalıq qurallar sisteması;

*Islep shıg`arıw sanitariyasıı* – bul islep shıg`arıwdag`ı ziyanlı faktorlardın` jumısshılarg`a ta`sirinin` aldın alatug`ın yamasa kemeyttiretug`ın sho`lkemlestiriw ilajları ha`mde texnikalıq qurallar;

*Evgonomika* - ilim, adam–mashina-qorshag`an ortalıq sistemasın u`yreniwshi. Bug`an to`mendegi sorawlar kiredi. Traktorlar kombaynlarındag`ı orındaqlar ha`m basqarıw organlarının` jaylasıwları ha`m du`zilisi, qorg`aw qurallarının` ka`siplik keselliklerinen, ha’lsızlenıwden ha`m avariya jag`daylarının` payda bolıwınan saqlaydı;

*Islep shıg`arıw estetikasi* – islep shıg`arıw ortalıg`ın sho`lkemlestiriw,qurallarının` gigienologlar-psixologlar ha`m fiziologlar talaplarına juwap beriw jag’daylari bolip bul ol jerdegi jumısshilardı qolaylı islep shıg`arıwshı arnawli kiyimler menen ta`miynlew, jumıs ornında ta`rtip ha`m tazalıq , islep shıg`arıw ha`m xızmet korsetiw bo’lmelerinin’ du`zilisi ha`m jag`ımlı boyalg`anlıg`ı, ha`wli ha`m islep shıg`arıw xanalarının` ko`klemzarlastırılg`anlıg`ı h.t.b.

*Jaraqatlanıw* – islep shıg`arıwdag`ı zıyanlı yamasa qa`wipli faktorlar ta`sirinde adam organları yamasa teri qatlamının` fiziologiyalıq bir pu`tinliginin` du`ziliwi.

*Miynet etiw jag`dayları* – bul islep shıg`arıw ortalıg`ının` miynet etiw protsessinde adamnın` salamatlıg`ı ha`m jumıs islew qabiletine ta`sir etetug`ın faktorlar toplamı.

*Jeke qog`anıw quralları* – bular bir jumısshını qorg`aw ushın xızmet qılatug`ın qurallar.

Turmıs ha`reketi qa`wipsizligi pa`ninde qa`wip tu`sinigi tiykar bolıp tu`siniledi. «Qa`wip» tu`sinigi haqqında ayırım anıqlamalar kirgizsek maxsetke muwapiq boladi.

*Qa`wip* – waqıyalar, protsessler, ob`ektler bulardın` qaysısı belgiligi jag`dayda adam sawlıg`ına tu`wrıdan tuwrı yamasa tosattan zıyan tiygizse, yag`nıy qolaysız qa`biletlerge ha`m sawlıg`ına ta`sir ko`rsetiwshi protsess, waqıya predmetleri toplamlari kiredi.

Qa`wiplilik sisteması ha`m olardın` jeterli da`rejede tolıq anıqlaması ha`zirgeshe joq, biraq qa`wipler to`mendegilerge bo`linedi: kelip shıg`ıw da`rejesine qaray ta`big'iy, texnikalıq, antropogen, ekologiyalıq ha`m aralas qa`wipler. Bular fizikalıq, ximiyalıq, biologiyalıq ha`m psixologiyalıq toparlarg`a bo`linip bir-birinen ayrılıp turadı. Qa`wipler keri ta`sir etiw aqıbetinin` kelip shıg`ıw waqtı boyınsha-impul`sı (ha`reket birden payda boladı) ha`m kulminatsiyalıq (olardın` keri ta`sirleri toplanadı) tu'rlerge bo'linedi; Ha`reket ornına qarap (Lokalizatsiyasına)- litosferada (Jerdin` qattı qabıg`ında) ta`sir qılatug`ın, gidrsferada jerdin` suw qabıg`ında atmosferada (kosmosta). Qa`wiplilikler adamg`a ta`sir etiw qa`siyetine qaray aktiv ha`m passiv tu'rlerge bo'linedi.

Potentsial qa`wipler belgili jag`daylarda a`melge asadı ha`m olardın` ayrımlarına sebep dep ataladi. Sebepler jag`daylar toplamın bildiredi, bulardın` na`tiyjesinde qa`wipler payda boladı ha`m ol yamasa bul kerek bolmag`an aqıbetlerdi keltirip shıg`aradı.

Potentsial qa`wiplerdi anıqlaw qa`wipliliklerge uqsas protsesstin` keshiwi na`tiyjesinde payda boladı: qa`wip – sebep kerek bolmag`an aqıbet.

Ko`binshe ha`mme qolaysız aqıbetler, bir qansha kombinatsiyalasqan qa`wiplerdi keltirip shıg`aradı. Turmıs ha`reketi qa`wipsizligin u`yreniwde texnogen ha`m ekologiyalıq qa`wipler tu`sinigi ahmiyetli rol` oynaydı. Texnogen qa`wip degende texnosferalı komplekslerdin` ha`m olardın` payda etiwshilerinin`

sonday jag`dayı, qaysısı sanaat ha`m basqa ob`ektlerde avariya ha`m apatshılıqtın` payda bolıwı ha`m adamnın` o`mirinin` en` a`hmiyetli elementlerine ha`mde qorshag`an ortalıqqa anıq qa`wip tuwıwı mu`mkinligi tu`siniledi.

**Texnogen qa`wipliktin` tiykarg`ı dereklerine to'mendegilerdi missal etiwge boladi:**

-Ha`r qıylı o`nimlerdi ha`m energiyalardı alıw,energiyanı, sanaattı transforttı ha`m basqaların rawajlandırıwg`a bag`darlang`an adamnın` xojalıq iskerligi h.t.b;

-Islep shıg`arıwdın` ob`ektiv o`siwinin` quramalılıg`ı, yag`nıy texnologiyalardı a`melge asırıwda, kontentratsiyalanıwdı talap etiwshi energiyanın` joqarı, adam o`mirine qa`wipli bolg`an material ha`m bo`leksheler menen belgilenedi, bular sezilerli da`rejede qorshag`an ortalıq komponentlerine ta`sir ko`rsetedi;

-Islep shıg`arıw u`skenelerin, transport qurallarının` bekkemliginin` joq bolıwı, texnologiyalardın` jetilistirilmegenligin ha`m eskertip qalg`anlıg`ı, texnologiyalıq ha`m miynet intizamının` to`menlegenligi;

-Qa`wipli ta`biyg`ıy protsessler ha`m ha`diyseler, sanaat ha`m basqa ob`ektlerde avariya ha`m apatshılıqlardı keltirip shıg`aradı.

Mısalı retinde Rossiya Federatsiyası tiykarında to`mendegilerdi ko`rsetiwge boladı:

-Bir qatar islep shıg`arıwlardın` toqtawı, xojalıq baylanıslarının` buzılg`anlıg`ı, texnologiyalıq jınjırlardın` u`zilgenligi;

-Tiykarg`ı islep shıg`arıw qurallarının` tozıw da`rejesinin` ku`sheyiwi, bir qansha tarmaqlar boyınsha 80% jetken h.t.b;

-Islep shıg`arıw shıg`ındılarının` ha`m energetikanın` toplanıp qalıwı, solardın` radioaktiv nurlaniwdin' payda boliwi, bular qorshag`an ortalıqqa zıyanlı bo`lekshelerdi tarqatıwshı derek bolıp esaplanadı;

-Qadag`alaw organlarının` ha`m ma`mleketlik inpektsiyalardın` o`nimdarlıq ha`m talapshan`lıq jumıslarının` to`menlegenligi;

-Ayırıqsha jag`daylardın` aqıbetlerin, olardın` kelip shıg`ıw itimalın kemeyttiriw, eskertiwshi ilajlardın` to`menligi yamasa ulıwma joqlıg`ı;

Joqarıda ko`rsetilgen sebepler Rossiyanın` ha`mme xojalıq islep shıg`arıw tarawlarında texnogen qa`siyetke iye bolg`an avariya ha`m apatshılıqlardın` kelip shıg`ıw itimallıg`ın asıradı .

Ekologiyalıq qa`wip derekleri ob`ektiv ha`m sub`ektiv tu`rlerine ajıratıwg`a boladı:

*Ob`ektiv derekler*-bul en` da`slep ta`biyg`ıy ortalıqtag`ı  ha`r qıylı tu`rdegi ta`biyg`ıy ra`wishte payda bolg`an keskin jag`daylar, qaysıları ekosistemada ko`rinetug`ının, quramalı o`zgesheliklerdi keltirip shıg`arıwshı, olardın` ten` salmaqlıg`ın du`ziwi ha`m keri alıp keliwi mu`mkin. Olarg`a o`zgeriwlerdi keltirip shıg`arıwshı, olardın` ten` salmaqlılıg`ın du`ziw ha`m keri aqıbetke alıp keliwi mu`mkin. Olarg`a ıqlım jag`daylarının` o`zgeriwi, azon qatlamının` kemeyiwi ıssıqxanalar u`lesi ha`m basqalardı kirgiziwge boladı.

*Subektiv derekler*-texnogen, a`skeriy, sotsial, sotsial-ekonomikalıq ha`m ta`big`ıy qa`wiplerdin` faktorları esabınan formalanadı. Mısalı, texnogen avariya na`tiyjesinde qorshag`an ortalıqtın` radioaktiv yamasa ximiyalıq pataslanıwı, o`z n`a`wbetinde ekologiyalıq qa`wiptin` deregi bolıp xızmet qıladı. Qa`wiplik haqqında ha`r qanday u`yreniwler iskerliktin` potentsial qa`wipliligi haqqındag`ı aksioma oraylıq orındı iyeleydi.

Ha`r qanday iskerlik potentsial qa`wipli: hesh bir iskerlik tu`rinde absalyut qa`wipsizlikke erisiw mu`mkin emes. Bul aksiomadan praktika ushın a`hmiyetli bolg`an juwmaq kelip shıg`adı: adamnın` absalyut qa`yipsiz iskerliginin` tu`ri bolmaydı. Solay etip turmıs ha`reketi qa`yipsizliginin` tiykarg`ı maqseti–qorshag`an ortalıqtag`ı qa`wipliklerdi tolıq joq etiw emes, ba`lki olardın` kelip shıg`ıw itimallıg`ın minimumg`a  kemeytiriw bolip tabiladi.

## 2.O`mir qa`wipsizliginin` huqıqıy tiykarları

O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 8-dekabr` 1992-jılı qabıl qılıng`an bolıp, 5 bo`lim, 26 bap ha`m 128 stat`yadan ibarat. IX- baptın` 37…42 stat`yalarında insannın` sotsial huqıqları ko`rsetilgen. X-bap 45…50 stat`yalarında insan huqıqları ha`m erkinligi kepilligi ko`rsetilgen.

O`zbekstan Respublikasının` miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamı 6-may 1993-jılı qabıl qılıng`an. Ol 5 bo`lim 29 stat`yadan ibarat. 1-bo`lim, ulıwma qag`ıydalarg`a; 2-bo`lim, miynetti qorg`awdı ta`miynlew; 3-bo`lim jumısshılardın` miynetin qorg`awg`a tiyisli huqıqlardı a`melge asırıwdın` kepillikleri; 4-bo`lim miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hu`jjetlerge tiykarlanıp jumıslardın` orınlanıwı u`stinen ma`mleketlik ha`m ja`miyetshilik qadag`alawı; 5-bo`lim miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hu`jjetlerdin` buzg`anlıg`ı ushın juwapkershiligi haqqındag`ı stat`yalardı o`z ishine aladi.

O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksi 21-dekabr` 1995-jıl Oliy Ma`jlisinin` №161-1-sanlı qararı menen tastıyıqlang`an bolıp, II-bo`lim, XVI-bap ha`m 294 stat`yadan ibarat. VII-baptın` 114…125 stat`yalarında jumıs waqıtları belgilengen. VIII-bap 126...152 stat`yalarda jumıstan dem alıw waqıtları keltirilgen. Miynetti qorg`aw XIII-babında keltirilgen bolıp, 211…223 stat`yalarg`a tiykarlanıp tiykarg`ı nızamları keltirilgen, XIV-bap bolsa, ayırım kategoriyadag`ı jumısshılarg`a beriletug`ın qosımsha kepillikler ha`m imtiyazlar keltirilgen ha`m olardın` nızamları 224...258 stat`yalarda keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasının` puqaralıq qorg`anıwı haqqındag`ı nızamı 26-may 2000-jıl Oliy Ma`jilis ko`rip shıg`ılg`an ha`m qabıl etilgen. Bul nızam o`z ishine V-bo`lim ha`m 23 stat`yanı kirgizgen. Onın` 1-bo`liminde ulıwma qag`ıydalar, 2-bo`liminde puqaralıq qorg`anıwg`a basshılıq qılıw, ma`mleketlik organları ha`m sho`lkemlerdin` puqaralardı qorg`aw tarawındag`ı wazıypaları, 3-bo`liminde puqaralardın` puqaralıq qorg`anıwı tarawındag`ı huqıq ha`m ma`jbu`riyatları, 4-bo`limde puqaralıq qorg`anıw xızmetleri ha`m ku`shleri ha`m

5-bo`limde puqaralıq qorg`anıwdın` qarjı menen ta`miynleniwi, puqaralıq qorg`anıw obektleri ha`m mal-mu`lk tuwrısındag`ı stat`yalar ko`rsetilgen.

*O`spirim jasqa jetpegenler* (18 jasqa tolmag`an o`spirimler) miynet huqıqları boyınsha o`spirim jasqa tolg`anlarg`a ten`lestiriledi ha`m miynetti qorg`awda bir qansha imtiyazlardan paydalanadı. O`spirim jasqa jetpegen jaslarg`a beriletug`ın kepillikler ha`m imtiyazlar miynet kodeksinin` 239...247 stat`yalarında ken` jarıtılg`an.

Miynetti qorg`aw islerin Ma`mleketlik qadag`alaw ha`m tekseriw organları a`melge asıradı.

Miynetti qorg`awdın` normativleri ha`m qag`ıydaların orınlaw boyınsha ja`miyetlik tekseriwdi ka`siplik awqamları ha`m xızmetkerleri basqa wa`killik organları a`melge asıradı (miynet kodeksi 223-stat`ya). Ma`mleketlik qadag`alawdı to`mendegi organlar a`melge asıradı: taw texnika qadag`alawı, texnika qadag`alawı, awıl xojalıg`ı texnika qadag`alawı, sanitariya qadag`alawı, energetika qadag`alawı, avtomobil qadag`alawı ha`m basqalar.

O`zbekistan Respublikası oraylıq ka`siplik awqamı komiteti qasındag`ı miynettin` texnikalıq ha`m huqıqıy inspektorları ka`rxanada qadag`alaw tekseriwlerin a`melge asıradılar. Ka`rxanada qadag`alaw-xojalıqta, miynetti qorg`aw xızmeti xızmetkerlerine ju`klenedi.

*Ja`miyetlik qadag`alaw*-bul is xojalıq yamasa ka`rxananın` ka`siplik awqamı komiteti qasındag`ı komissiyalar ta`repinen a`melge asırıladı.

Awıl xojalıg`ı islep shıg`arıwının` o`zine ta`n ta`replerine qaray adminstrativlik ja`ma`a`t qadag`alawdı u`sh basqıshta a`melge asıradı, birinshi basqısh-brigada, ekinshi basqısh-bo`limde ha`m u`shinshi basqıshta xojalıq yamasa ka`rxana basshıları a`melge asıradı.

## 3.Ka`rxanalarda o`rttin` aldın alıw ha`m og`an qarsı gu`resiw sharaları

O`rtler xalıq xojalıg`ına u`lken materiallıq zıyan tiygizedi. O`rt bir neshe minut yaki saat ishinde ju`da` u`lken mug`dardag`ı xalıq baylıqların jandırıp, ku`lge aylandıradı. O`rt waqtında ajıralıp shıg`atug`ın tu`tin, uglerod oksidi ha`m basqa zıyanlı iyis ha`m gazler ko`p mug`darda atmosferag`a ko`terilip, dem alıw ushın za`ru`r bolg`an hawanın` sostavın buzadı. Bunnan tısqarı, o`rtten ko`riletug`ın zıyanlardın` en` jamanı sonda, onda ko`plep adamlar jaraqatlanadı ha`tte o`liwide mu`mkin. Bulardın` ha`mmesi, o`rtke qarsı gu`res ilajların, bul waqıtta payda bolatug`ın jumıslardı qa`wipsiz orınlaw usılları ha`m miynetti qorg`aw menen birlikte u`lgeriwge ma`jbu`r qıladı. Ha`zirgi waqıtta ka`rxanalarda o`rteniw qa`wipinin` kemeyiwi boyınsha bir qansha jumıslar a`melge asırılg`an. Ka`rxanalarda o`rt shıg`ıw qa`wipi kemeytilgen ha`m pu`tkilley qa`wipsiz isleytug`ın elektr u`skeneleri qollanılmaqta. Ka`rxanalardın` bina` ha`m imaratları quramınan janıwshı qurılıs materialları qısıp shıg`arılmaqta. O`rt o`shiriwshilerdin` mexanizatsiyalasqan ha`m avtomatlasqan sestemaları barg`an sayın ken`irek qollanılmaqta.

Biraq, o`rt shıg`ıwının` aldın alıwda, o`rt o`shiriwde tiykarg`ı juwapkershilik adamlar moynına tu`siwin ha`m olardan o`rt o`shiriw texnikasının` ba`rshe talapların tolıq orınlawına baylanıslı ekenligin umıtpawımız kerek. Sanaat ka`rxanalarında bul ilajlar ta`rtipli ra`wishte, o`rt texnikası haqqındag`ı nızam, o`rt qa`wipsizligi qag`ıydaları, ko`rsetpe ha`m basqa hu`jjetler tiykarında alıp barılsa maxsetke muwaoiq boladi.

Respublikamızdın` ha`r bir puqarası kollektiv ha`m ma`mleket mu`lkin ko`z qarashıg`ınday saqlawı ha`m onı bayıtıwı haqqında qayg`ırıwı kerek. Sonın` ushın sanaat ka`rxanalarında o`rttin` aldın alıw ha`m o`rt o`shiriw ilajları ken` ja`miyetshilikke su`yengen halda, tsexlardag`ı ha`r bir islewshinin` qatnasında alıp barıladı.

O`rtten qorg`awdı sho`lkemlestiriw ka`siplik ha`m ıqtıyarlı tu`rlerge bo`linedi.

Ka`siplik o`rtten qorg`anıw o`z na`wbetinde, a`skeriylestirilgen (iri qala ha`m a`hmiyetli ob`ektlerge xızmet ko`rsetedi), a`skeriylestirilmegen (rayon orayları ha`m iri sanaat ob`ektlerine xızmet ko`rsetedi) ha`m tarawlıq (ayrım birlespe ha`m ka`rxanalarg`a xızmet ko`rsetedi) tu`rlerge bo`linedi. Iri sanaat ka`rxanalarında ka`siplik o`rt bo`limsheleri sho`lkemlestiriledi.

O`rt qa`wpi kem bolg`an ha`mde kishirek ka`rxana ha`m mekemelerde o`rtten qorg`anıw ha`m ob`ektti qorıqlaw xızmeti menen birlikte qosıp alıp barıladı.

Ka`rxanalarda o`rtten qorg`anıwdın` qanday strukturada bolıwına qaramastan, ıqtıyarıy o`rt o`shiriw drujinaları du`ziliwi kerek.

Janıw dep - janıwshı zat penen kislorodtın` o`z-ara ta`siri na`tiyjesinde ju`da` tez o`tiwshi ha`m ko`p mug`darda ıssılıq ajıralıp shıg`ıwshı ximiyalıq reaktsiyag`a aytı-ladı. Ko`pshilik jag`daylarda janıw janıwshı zat bo`lekshelerinin` nurlanıwı menen birge o`tedi. Janıw payda bolıw ha`m ol dawam etiwi ushın janıwshı zat (qattı, suyıq yaki gaz ta`rizli), oksidlewshi zat (a`piwayı sharayatta oksidlewshi zat wazıypasın hawadag`ı kislorod o`tiwi m6mkin) ha`m jandırıwshı derek (ushqın, ashıq jalın ha`m shoqlang`an na`rse) bolıwı kerek. Sonı aytıw kerek, hawadag`ı kislorod, oksidlewshi wazıypasın orınlay aladı, onnan to`men kontsentratsiyada bolsa janıw bolmaydı. Bunnan tısqarı oksidlewshi zat wazıypasın tiyisli sharayatlarda xlor, brom, kaliy ha`m basqa zatlarda o`tewi mu`mkin.

Qa`wipliligi boyınsha barliq zat ha`m da`skelerdi to`mendegi tu`rlerge bo`liw mu`mkin janbaytug`ın zatlar, janıw qa`wpi bar zatlar, janıw ha`m partlaw qa`wpi bar zatlar.

Janbaytug`ın zat ha`m da`skeler - janıw yaki o`rtti uzatıw qa`siyetine iye emes na`rseler. Ma`selen gerbish, metall beton h.t.b

Janıw qa`wpi bar zatlar hawada janıw ha`m o`rtti uzata alıw qa`siyetlerine iye. Ma`selen, ag`ash, qag`az, paxta talshıg`ı, mazut, partlaw qa`siyetine iye bolmag`an shan`lar.

Janıw ha`m partlaw qa`wpi bar zat ha`m da`skeler, qattı yaki suyıq janıwshı zatlar menen birikkende bir zamatta alısıp ketiw qa`siyetine iye. Bunday zatlarg`a vodorod angidridi, azot kislotası ha`m basqalar ha`m de janıwshı zatlar menen

aralasqan o`zinen kislorod ajratıp shıg`arıwshı, kislota ta`sirinde, qızdırılg`anda yaki mexanikalıq ta`sir astında partlawshı birikpeler kiredi. Ma`selen, paxta shan`ı menen selitra aralasqanda usı jag`day ju`zege keliwi mu`mkin. Usının` menen birge bunday na`rselerge hawada tarqalg`an jag`dayda partlawshı aralaspalar payda etiwshi shan`larda kiredi. Ma`selen, lub ha`m kenaf talshıqları shan`ları. Janıw ha`m partlaw qa`wpi bar zatlarg`a o`zleri janbaytug`ın, biraq suw menen aralasqanda tarqalıp, gaz ajratıp shıg`arıwshı ha`m bul gaz hawa menen birikkende partlawshı birikpe payda etiwshi zatlarda kiredi (kal`tsiy karbidi).

Partlawshı na`rse ha`m zatlar hawa menen aralasıp partlawshı birikpeler (janıwshı gaz, vodorod, atsetilen) payda etedi. Partlaw qa`wpi bar zatlarg`a janıwshı gazler menen aralasqanda partlaw qa`wpin keltirip shıg`aratug`ın janbaytug`ın gazler de kiredi (kislorod janıwshı gaz benen aralasqanda partlawg`a alıp keledi). Ayrım jag`dayda janbaytug`ın ha`m janıwdı ta`miynley almaytug`ın partlawshı gazlerde bolıwı mu`mkin. Ma`selen, ballonlarda qısılg`an jag`dayda saqlanıwshı uglerod oksidi gazi kiredi. Partlawshı zatlarg`a, sonday-aq hawa menen aralasqan jag`dayındag`ı organikalıq emes zatlarda (alyuminiy, magniy h.t.b) kiredi.

Janıw belgili temperatura sharayatında g`ana iske asıwı mu`mkin. Ba`rshe janıwshı zatlardın` quramında uglerod ha`m vodorod bar boladı. Issılıq ta`siri astında janıwshı zatlar tarqalıp joqarıdag`ı gazler ajıralıp shıg`ıp, hawadag`ı kislorod penen birigip jalındı payda etedi. Janıw fazalarının` to`mendegi tu’rleri anıqlang`an`:

1.*Ushqınlanıw.* Eger a`ste-aqırın qızdırılıp atırg`an janiwshı suyıqlıqqa waqtı-waqtı menen sırttan jalın ta`sir ettirsek, belgili bir temperaturag`a jetkende, onnan ajıralıp shıg`ıp atırg`an gaz ta`rizli zat ushqınlaydı ha`m sol zamatta o`ship qaladı. suyıqlıqtın` a`ne usı payıttag`ı temperaturası ushqınlanıw temperaturası delinedi.

Ushqınlag`an gazlerdin` tez o`ship qalıwının` sebebi, bul temperaturada suyıqlıqtan ajıralıp shıg`atug`ın gazler jalındı dawam ettiriw ushın jeterli emes.

Ushqınlanıw temperaturası zatlardın` o`rtke qa`wpliligin anıqlawda u’lken a`hmiyetke iye. Ayrım zatlardan ajıralıp shıg`ıwshı puw ha`m gazler ko`p

mug`darda jıynalıwı na`tiyjesinde ashıq jalın menen birigip ku'shli partlawdı payda etiwi mu'mkin.

2. *Jalınlanıw.* Suyıq janıwshı zatlardı qızdırıw ushqınlanıw temperaturasınan joqarıda da dawam ettirilse, onın` puwlanıwı jedellesedi ha`m og`an jalın jaqınlastırılsa shıg`ıp atırg`an puwlar ushqınlanadı ha`m janıwdı dawam etedi. Suyıqlıqtın` usı jag`daydag`ı temperaturası jalınlanıw temperaturası dep atalıdı.

3. O`z-o`zinen jalınlanıw (alısıw). Eger janıwshı suyıqlıqtı jalınlanıw temperaturasınan joqarı bolg`an jag`dayda da qızdırıw dawam ettirilse, biraq ashıq jalın jaqınlastırılmasa, belgili bir waqıtta, ajıralıp shıg`ıp atırg`an puwlar o`zinen-o`zi jalınlanıp ketedi. Janıwshı suyıqlıqtın` usı jag`daydag`ı temperaturası jalınlanıw temperaturası delinedi.

*4. O`z-o`zinen janıp ketiw.* Ayrım janıwshı qattı zatlardı saqlaw nadurıs sho`lkemlestirilgen jag`daylarda o`z-o`zinen janıp ketiwi mu'mkin. Ma`selen, ıg`al halda gu'dilengen paqal, paxta, tasko`mir, may sıpırılg`an la`tte ha`m basqalar. Bul protsess o`z-o`zinen janıw temperaturası belgili temperaturada g`ana bolıwı mu'mkin.

Qattı zatlar janıp atırg`anda, janıp atırg`an bo`limlerge jaqın jaylasqan bo`limler qızıwı ha`m olardan o`z na`wbetinde janıwshı gazler ajiralıp shıg`ıwı ha`m olardın` jana baslawı na`tiyjesinde u'zliksiz shınjırlı reaktsiya bolip o'tedi. Bul qanday da bir toqtatıwshı faktorg`a ushıramasa janıwshı zat janıp tamam bolg`ang`a shekem ketedi.

Janıwshı suyıq zatlardın` ushqınlanıw temperaturası 45 $^0$S qa ten` yaki onnan kishi bolsa bunday zatlar jen`il janıwshı suyıqlıqlar (LVJ) delinedi. Bularg`a benzin, serouglerod, spirtler ha`m basqalar mısal bola aladı. Ushqınlanıw temperaturası 45 $^0$S tan joqarı bolg`anları janıwshı suyıqlıqlar (GJ). O`rtten qorg`anıw ilimiy-izertlew institutının` usınısına muwapıq jen`il janıwshı suyıqlıqlarg`a ushqınlanıw temperaturası 61$^0$S qa ten` ha`m onnan to`men bolg`anların, janıwshı suyıqlıqlarg`a 61$^0$S tan joqarıların kirgiziw belgilengen.

Jabıq ıdıs ishinde janıwshı gaz yaki puwlardın` hawa menen aralaspasının` jandırılg`anda partlawdı payda etetug`ın minimal shaması partlawdın` to`mengi

shegarası dep ataladı. Idıs ishine birigip atırg`an gaz yaki puwdın` kontsentratsiyası ja`ne asırıp barılsa, partlaw ku`shi arta beredi ha`m qanday da bir maksimal shamag`a jetedi. Kontsentratsiyanın` ja`nede artıp barıwı endi partlaw ku`shin asırmay, ba`lki to`menletedi ha`m a`ste-aqırın so`ne baslaydı ha`m belgili kontsentratsiyada pu`tkilley toqtaydı. ({B}tochkası). Jabıq ıdıs ishinde janıwshı gaz yaki puwdın` hawa menen aralaspasının`, jandırılg`anda partlaytug`ın maksimal shaması partlawdın` joqarıg'i shegarası dep ataladı.




Partlaw basımı

1-su`wret. Partlaw shegaraları

A-partlawdın` to`mengi shegarası

V-partlawdın` joqarg`ı shegarası

Gazlerde bolsa, gazdın` ha`r bir molekulası kislorodtın` molekulaları menen tikkeley kontaktta bolıwı mu`mkinligi ha`m olar bir waqıttın` o`zinde oksidleniw protsessine tayar bolg`anlıg`ı ushın, janıw protsessi u`lken tezlikte o`tedi.

Janıwshı zat boylap jalınnın` tarqalıw tezligi sekundına bir neshe metrdi qurasa janıw, bir neshe ju`z metrdi qurasa, partlaw bir neshe kilometrdi qurasa detonatsiya dep ataladı.

Hawa menen toltırılg`an jabıq ıdıs alıp, og`an belgili mug`darda janıwshı gaz puw qosıp baramız ha`m ha`r ret onı jag`ıp joqarg'i betinde ko`remiz. Bul gazdin` mug`darı (protsentlerde yaki awırlıq kontsentratsiyasında) kem bolg`anda jalınlanbaydı yag`nıy ıdıs ishindegi basım atmosfera basımına ten`liginshe qala beredi.

1-su`wrette koordinata ko`sherlerinde janıwshı gazdin` yaki puwdın` ıdıs ishindegi kontsentratsiyası, abtsissa boyınsha partlaw basımı ko`rsetilgen.Janıwshı zattın` kontsentratsiyası asırılıp barılıwı na`tiyjesinde sonday jag`day ju`zge keledi, bunda aralaspa ku`shsiz partlaydı (su`wrette {A tochkası}).

Partlawdın` to`mengi ha`m joqarg`ı shegaraları arasındag`ı parq qansha u`lken bolsa, zattın` partlaw qa`wpi sonsha joqarı boladı.

Ha`r bir janıwshı zattın` puwları ha`m gazleri ha`mde shan`lari o`zlerinin` to`mengi ha`m joqarg`ı partlaw shegaraları shamasına iye.

Janıwshı shan`lar ha`m talshıqlar, olardın` to`mengi partlaw shegaraları 65 g\m$^2$ tin` to`men bolsa, partlaw qa`wpi bar dep esaplanadı. Eger olardın` to`mengi partlaw shegaraları 65 g\m$^2$ ten joqarı bolsa, olar o`rt qa`wpi bar shan`lar bolıp esaplanadı.

Suyıqlıqlar puwları ushın da partlawdın` temperaturalıq shegaraları to`mengi ha`m joqarg`ı shamalarına iye.

Partlawdın` to`mengi temperaturalıq shegarası dep, jabıq ıdıs ishindegi, suyıqlıqtın` toyıng`an puwlarının` sırtqı derek ta`sirinde jalınlanıwı mu`mkin bolg`an en` to`mengi temperatura tu`siniledi.

Partlawdın` joqarg`ı temperaturalıq shegarası dep, jabıq ıdıs ishindegi suyıqlıqtın` toyıng`an puwlarının` sırtqı derek ta`sirinde jalınlanıw mu`mkin bolg`an en` joqarg`ı temperatura tu`siniledi.

Janıwshı suyıqlıqlardın` gaz ha`m puwlarının` hawa menen aralaspasın joqarıda ko`rsetilgen shegaralardan tısqarı shamalarında hesh qanday derek penen jalınlatıp bolmaydı. Ma`selen, atsetonnın` toyıng`an puwları ushın partlawdın` to`mengi temperaturalıq shegarası - 20$^0$S, joqarısı - 7$^0$S, serouglerod ushın to`mengi - 14$^0$S ha`m joqarısı - 7$^0$S.

O`ndiriste bolatug`ın o`rtlerdin` kelip shıg`ıw sebeplerin eki tu`rge bo`liwge boladı.

1. O`ndiristin` texnikalıq protsessinen jalın deregin shıg`arıp taslawg`a bolatug`ın ha`m tsexlarda janıwshı yaki partlawshı zatlar jıynalıp qalg`an jag`day.

2. O`ndiristin` texnologiyalıq protsessinen janıwshı yaki partlawshı zatlardı taslap bolmaytug`ın ha`m jalın deregin qollanıwg`a jol qoyılg`an jag`day.

Sanaat ka`rxanaları ushın xarakterli bolg`an o`rtlerdin` sebeplerin to`mendegishe klassifikatsiyalawg`a boladı.

- texnologiyalıq protsesstin` buzılıwı;

- mashina ha`m apparatlardın` texnikalıq paydalanıw qag`ıydalarının` buzılıwı;

- shiyki zat ha`m tayar o`nimlerdi saqlaw ta`rtibinin` buzılıwı;

- mashina ha`m apparatlardın` aspiratsiya ha`mde shan`lı hawanı tazalaw sistemalarının` qanaatlandırarsız islewi;

- elektr u`skenelerinin` nadurıs ornatılg`anlıg`ı ha`m nadurıs islewi;

- o`ndiris tsexlarında ha`m ka`rxana ishinde jalın menen baylanıslı jumıslardı nadurıs alıp barıw;

- o`rt o`shiriw ha`m xabar beriw qurallarının` texnikalıq jaqtan qanaatlandırarsız awhaldalıg`i;

- ka`rxana jumısshı ha`m xızmetkerlerdin` ha`mde ıqtıyarlı o`rt o`shiriw komandalarının` tayalig’i to`men ekenligi;

Ka`rxanalardın` o`rt qa`wpi boyınsha klası, olardı joybarlaw, rekonstruktsiya ha`m paydalanıw protsesslerinde u`lken a`hmiyetke iye ha`m otqa shıdamlılıq da`rejesin, qabatlar sanın, imaratlar arasındag`ı aralıqlardı durıs tan`law da a`hmiyetli rol` oynaydı. Ka`rxananın` o`rt qa`wpi boyınsha klasına, imaratının` otqa shıdamlıg`ına ha`m ko`lemine qarap ishki ha`m sırtqı o`rt o`shiriw vodoprovod sistemasına kerekli suwdın` mug`darın,ısıtıw sisteması, ventillyatsiya ha`m hawanı tazalaw, suw ta`miynatı, jaqtılandırıw, elektr u`skeneleri ha`m o`rt o`shiriw quralları tu`rlerin tan`law mu`mkin.

## 4. Partlaw qa`wipi boyınsha bo’lmelerdin’ gruppaları

V-1 bug`an tek g`ana avariya jag`dayındag`ı emes, al a`piwayı jumıs jag`dayında da janıwshı gaz yaki puwlardın` hawa menen yaki basqa oksidlewshiler menen qosılg`anda aralaspa payda etetug`ın bo’lmeler jatadı. Ma`selen, jen`il jalınlanıwshı ha`m janıwshı suyıqlıqlardı ashıq ıdıslarda saqlaw, bir ıdıstan basqa ıdısqa yaki apparatlarg`a quyıw jumısları orınlanıp atırg`an ha`m basqa bo’lmeler jatadi.

V-1a bug`an a`piwayı paydalanıw jag`dayında janıwshı gaz yaki puwlardın` hawa menen yaki basqa oksidlewshiler menen aralaspag`a partlamaytug`ın, al tek g`ana avariya yaki buzılg`an jag`dayda g`ana partlawı mu`mkin bolg`an bo’lmeler jatadı.

V-1b - joqarıdag`ı V-qa klassına jatatug`ın, biraq to`mendegi qa`siyetlerden biri bar bolg`an bo’lmeler janıwshı gazlerdin` to`mengi partlaw shegarası ba`lent (15 % ha`m onnan artıq) ha`m ruxsat etilgen kontsentratsiyalarda o`tkir iyisli avariya jag`daylarında bo’lmelerde ulıwma partlaw kontsentratsiyası toplanbaydı, al jergilikli partlaw kontsentratsiyası g`ana toplanıwı mu`mkin jen`il alısıwshı janıwshı gazler ha`m janıwshı suyıqlıqlar kem mug`darda saqlanıwshı bo’lmeler ha`m olar menen islew, hawa sorıwshı shkaflarda yaki sorıwshı zontlar astında alıp barılıwshı bo’lmeler kiredi.

V-Ig - avariya yaki buzılıw arqalı quramında partlaw qa`wpi bar gazler, puwlar ha`m jen`il jalınlanıwshı suyıqlıqlar bar bolg`an sırtqı qurılmalar.

V-II - tek g`ana avariya jag`dayında emes, al normativ qısqa jumıs dawamında da hawa ha`m basqa oksidlewshi zatlar menen partlaw qa`wpi bar aralaspalar payda ete alatug`ın, ushıp ju`riwshi shan` talshıqlar ajıralıp shıg`atug`ın bo’lmeler.

V-IIa - joqarıdag`ı V-II -klasına uqsas biraq normal ekspluatatsiya jag`daylarında qa`wipli jag’day ju`zege keltirmeytug`ın, tek g`ana avariya yaki buzılg`anda g`ana qa`wipli jag`day ju`zege keliwi mu`mkin bolg`an bo’lmeler.

## 5. O`rt qa`wpi boyınsha xanalardın` klassifikatsiyalanıwı

P-I - ushqınlanıw temperaturası rt$^0$ C tan joqarı bolg`an janıwshı suyıqlıqlar isletiletug`ın yaki saqlanatug`ın bo'lmeler.

P- II - hawada ushıp ju`riw jag`dayına o`tetug`ın janıwshı shan` yaki talshıqlar ajralıp shıg`atug`ın bo'lmeler. Bul jerde (payda bolatug`ın qa`wip, shan` yaki talshıqtın` fizikalıq qa`siyetlerine muwapıq, yaki jumıs jag`dayında olardın` kontsentratsiyasının` partlaw qa`wpin tuwdırıw da`rejesinde jeterli bolmawı o`rt (partlaw menen emes) penen shegaralanadı.

P-II a- joqarıdag`ı P-II - klasına uqsas qa`siyetlerden jıraq bolg`an, qattı yaki talshıqlı janıwshı zatlar saqlanatug`ın yaki isletiletug`ın o`ndiris ha`m sklad bo'lmeler.

P-III - puwlardın` ushqınlanıw temperaturası rt$^0$C tan joqarı bolg`an janıwshı suyıqlıqlar ha`mde janıwshı qattı zatlar isletiletug`ın yaki saqlanatug`ın sırtqı u`skeneler. O`rttin` baslang`anı haqqında o`z waqtında xabar beriw, onı tarqalıp ketpesten tezden o`shiriwge ha`m ju`da` u`lken bu`lginshiliktin` aldın alıwg`a imkaniyat beredi. O`rt baslang`anlıg`ı haqqında xabar o`rtti da`slep ko`rgen adam ta`repinen yaki avomat ta`rizde xabar beriwshi ta`repinen o`rtten qorg`aw punktine ha`mde tsextın` ıxtıyarlı o`rt o`shiriw komandasına xabar etiliwi kerek. Avtomat ta`rizde xabar beriwshi u`skeneler effektivlirek, o`ytkeni olardın` datchikleri o`rt shıg`ıwı mu`mkin bolg`an qa`wipli jerlerge ornatıladı. O`rt haqqında baqırıp, dawıs signalların berip, sirena, gudok berip, metall bo`lekshesin urıp, telefon, ratsiya ha`m avtomatlıq signal beriwshilerden de paydalanıp xabar beriledi. O`rt qa`wpi joqarı bolg`an xanalar rayon yaki qala o`rt o`shiriw komandaları menen tikkeley telefon arqalı baylanısadı.

Tsexlarg`a ornatılg`an xabar beriwshi u'skenelerdin` bir neshewi baylanıs tarmag`ına izbe-iz jalg`anıwı mu`mkin. Bunday sistema shleyf sisteması delinedi. Parallel` tutasqan halda ha`r bir u'skene qabıllaw stantsiyası menen eki sım arqalı jalg`anadı. Bunday sistema {nur} sisteması delinedi. Ha`r bir nurg`a izbe-iz jag`dayda u`shke shekem u'skene jalg`aw mu`mkin. Baylanıstın` {shleyf} sisteması iri sanaat ka`rxanalarında qollanıladı.




2-su`wret. Temperatura o`zgerisi astında isleytug`ın xabar beriwshi {PTIM-2} din` printsipial sxeması.

O`rt haqqında xabar beriwshi a`spablar knopkalı (adam iske tu`siredi) ha`m avtomat ta`rizde isleytug`ın tu`rlerge bo`linedi. Avtomat xabar beriwshi a`spablardın` jumıs printsipine qarap jaqtılıq nurı, tu`tin, temperaturası ta`sirinde isleytug`ın ha`m kombinatsiyalasqan tu`rleri bar. Olar o`rt waqtında ajiralıp shıg`atug`ın jaqtılıq energiyasın, tu`tin sebebinen o`zgertetug`ın jaqtılıq ku`shin ha`mde temperatura o`zgerislerin elektr signallarına aylandırıp, sımlar arqalı qabıllaw punktlerine o`rt shıqqan jer haqqında xabar beredi, yaki bul signallar avtomat ta`rizde o`rt o`shiriw quralların iske tu`siredi.

2-su`wrette temperatura o`zgerisi na`tiyjesinde iske tu`setug`ın xabar beriwshi PTIM-1 din` printsipial elektr sxeması ko`rsetilgen. Qarsılıq a`tirapında hawanın` temperaturası normada bolg`anda tiratronnın` anod shınjırındag`ı tok rele R nin` islewine jeterli bolmaydı. Temperatura artıwı menen ıssılıq qarsılıg`ı $R_1$, o`zinin` qarsılıg`ın tezde tu`siriwi na`tiyjesinde ko`pir iyinlerinin` ten`salmaqlıg`ı buzıladı ha`m tiratronnın` basqarıwshı elektrodında kernewlilik artadı, na`tiyjede tiratron janıp onın` qarsılıg`ı kemeyedi. Bul bolsa o`z na`wbetinde anod shınjırındag`ı toktin` artıwına ha`m rele R nin` islep ketiwine alıp keledi.

Ha`zirgi payıtta o`rt haqqında signal bergishlerdin` (EPS) ko`plegen sxemaları bar. Ma`selen, ol nurlı optikalıq signal beriwshi a`spab TOL-10\100 mikrotelefon

arqalı so`ylesiw imkaniyatın berip g`ana qoymay, o`rt o`shiriw quralların iske tu`sirip jibere aladı. O`rt haqqında xabar beriwshi kompleks u`skene SKPU-1ja`rdeminde bolsa tu`tin, temperatura, ashıq jalınlardın` qay jerde payda bolg`anlıg`ın biliwge boladı.

## 6. O`mir ushın qa`wipli jag`daylar tuwılg`anda ha`m bolg`anda xalıqtı evakuatsiya qılıw jollari

Tosinnan ku’tilmegende ha’r qiyli ayriqsha jag’daylarg’aushirag’anda to’mendegishe qutqariw jag’daylarinan paydalang’anda maqul boladi.

-Ku`tilmegende ha`m birden bolg`an qa`wipli jag`daylarda (o`rt, partlaw, avariya, jer qıymıldawı) ka`rxanadan barlıq adamlardı tezden ha`m qa`wipsiz evakuatsiya qılıw talap etiledi. Bunda a`dette, evakuatsiya qılıw qısqa waqıt ishinde ba`rshe islewshilerdi bina yaki xanadan sırtqa shıg`arıw kerek boladı;

-Qa`wipsiz evakuatsiya qılıwda waqıt tiykarg`ı rol` oynaydı. Evakua-tsiyag`a qoyılatug`ın tiykarg`ı talaplar usılardan kelip shıg`adı. Bul talaplar evakuatsiya koridorlarının` uzınlıg`ı, ken`ligi, olardın` sanı, qolaylıg`ı, jaylastırılıwı ha`m usıg`an uqsag`anlar;

-En` uzaq jumıs orınlarınan evakuatsiya esigine shekem bolg’an aralıq o`ndiristin` klasına, imarattın` otqa shıdamlılıq da`rejesine ha`m onın` neshe qabatlı ekenligine baylanıslı boladi. Sonın` ushın bir qabatlı imaratlarda bul aralıq 50-100 m, ko`p qabatlı imaratlarda 30-75 m di quraydı;

-Vestibyul`, lestnitsalardın` yaki sırtqa alıp shıg`atug`ın koridordın` bo’lme esiginen aralıg`ı 25 m den aspawı kerek. Koridorlardın` keminde eki evakuatsiyalıq shıg`ıw esigi bolıw kerek;

-Evakuatsiya ushın xızmet qılatug`ın koridolar, lestnitsa maydanshalarının` ken`ligi esaplap tabıladı, biraq olar bir metrden, koridorlardın` ken`ligi bolsa 1,4 m den kem bolmawı kerek, esiklerdin` eni 0,8-2,4 m bolıp binadan sırtqa ashılıwı kerek.

-Evakuatsiya lestnitsaları adamlardın` qa`wipsiz evakuatsiya qılınıwın, olardın` ta`rtipli ha`reketin, o`rt paytında o`rt o`shiriwshilerdin` erkin ha`reket qılıwın ta`miyinlewi kerek. Bul maqsette qurılg`an lestnitsalar a`dette a`trapı jabıq ha`m ta`biyg`ıy jaqtılıq tu`setug`ın etip ha`mde janbaytug`ın qurılıs materiallarınan isletilgen halda qurıladı;

-O`ndiris ka`rxanalarının` ja`rdemshi binaları ushın (adminstrativ, konstruktorlıq byurosı, turmıs, ulıwma awqatlanıw, med.punkt ha`m usıg`an uqsas) o`rtke qarsı talaplar SNiP II-ow-uy da belgilengen;

-Tsexlardan evakuatsiya maqsetinde shıg`ıw esikleri ekewden kem bolmawı kerek. Bir shıg`ıw esigi tek g`ana tsextag`ı adamlar sanı 50 den kem bolg`an jag`dayda g`ana bolıwı mu`mkin. Evakuatsiya jollarında (lestnitsa kletkaları, koridorlar, lift aldı maydanshıları) bezew ushın janıwshı materiallar isletiliwi qadag`an etiledi;

**Evakuatsiya –**bul ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayrıqsha jag`day ju`z bergen yaki ayrıqsha jag`day ju`zege keliw itimalı bolg`an aymaqlarda waqtınsha jaylastırıw sharalarının' jıynag`ı bolip tabiladi.

**I.Evakuatsiya tu`rleri to'mendegishe boliw jag'daylari boladi.**

1. O`tkeriw waqtına qarap;
2. Aldınnan o`tkeriletug`ın;
3. Asıg`ıs (keshiktirip bolmaytug`ın) jag'daylarg'a qarap;

**II.Ayrıqsha jag`day ko`lemi ha`m evakuatsiya qılınatug`ın xalıq sanına qarap to'mendegishe xarakterde boliwi mu'mkin.**

1.Lokal

2.Aymaqlıq

3.Regionallıq

**III. Xalıqtı ishine alıwına qarap eki tu'rge bo'linedi.**

1. Ulıwma
2. Azg`antay

**Sheklengen evakuatsiya**– ayrıqsha jag`day dereginin` itimallıq zıyanlawshı faktorlardın` ta`siri maydanı xalıq qalalıq orınları yaki awıllıq xalıq ma`nzilleri shegarasınan shıqpay keshiriletug`ın xalıq sanı bir neshe mın` kisiden aspag`an paytında o`tkiziledi. Bunday jag'dayda ko`shirilgen xalıq a`dette ayrıqsha jag`day aymag`ına tutas xalıq jasaw jerlerine yaki qalanın` zıyan etpegen qalalarına (ayrıqsha jag`day dereginin` zıyanlawshı faktorları ta`siri na`tiyjesinde sırtqa) jaylastırıladı.

**Aymaqlıq evakuatsiya** –ayrıqsha jag`day aymag`ına ortasha u`lkenliktegi qalalar, u`lken qalalardın` ayrıqsha qalaları awıllıq jerleri tu`sip qalg`an jag'daylarda o`tkeriledi. Bunda ko`shiriletug`ın aymaqlıq sanı bir neshe mın`nan on mın`lap adamg`a jetiwi mu`mkin. Olar a`dette ayrıqsha jag`daylar bo`limi menen jaqın qa`wipsiz jerlerge jaylastırıladı.

**Regionlıq evakuatsiya**– zıyanlawshı faktorlar ko`p ken` maydang`a jayılıp u`lken qalalardi ha`m o`z ishine alg`an ayrıqsha, ju`da` tıg`ız jaylasqan bir yamasa bir neshe region aymag`ın kiritip jaylasqan bir yamasa bir neshe region aymag'ın kiritip alg'an h'allarda a'melge asırıladı. Regionlıq evakuatsiyada ayrıqsha jag'day ju'z bergen aymaqtan transportta piyada alıp shıg'ılatug'ın aymaq o'zlerinin' barqulla jasap turg'an jerlerinen biraz g'ana uzaqqa ko'shiriwleri mu'mkin. Ayrıqsha jag'day regionı qalg'an h'a'm evakuatsiya qılınatug'ın aymaqlıq sanına ko're evakuatsiyanın' eki tu'ri – ajıratıladı.

**Ulıwma evakuatsiya –** ayrıqsha jag'daylar regionınnan xalıq ba'rshe klassı alıp shıg'ılıwı na'zerde tutılg'an.

Azg'ana evakuatsiya – ayrıqsha jag'day bo'liminnen miynetke jaramlı xalıq mektepke shekem jastag'ı balalar, mektep, litsey, kollej h'a'm joqarı oqıw orınları oqıwshılarına h'a'm studentlerin alıp shıg'ılıwı za'ru'r bolg'anda o'tkeriledi. Adamlar o'miri h'a'm salamatlıg'ı ushın qa'wip bolg'anlıg'ı xalıqtı evakuatsiya qılıw h'aqqında pikirge keliw tiykarlanadı. Evakuatsiya qılınatug'ın qararg'a keliw nızamlı aymaqqa ayrıqsha jag'day ju'z bergen yaki prognoz qılınıp atırg'anlıg'ı h'a'kimlikler jergilikli o'zin - o'zi basqarıw organları baslıqları (puxara qa'wipsizligi baslıqları) iye boladı.

Ayrıqsha jagday ko'lemi h'a'm evakuatsiyanın' mu'ddetine ko're ol tez keshiktirip bolmaytug'ın h'a'm aldınnan o'tkiziletug'ın bolıwı mu'mkin.

Keshiktirmey qarar qabıl etiw talap etiletug'ın jag'daylarda lokal xarakterge iye, tez evakuatsiya qa'wip tuwdırıwı bar obekttin' na'wbet dispetcherlik xızmeti baslıg'ı ko'rsetpesine ko're o'tkiziliwi mu'mkin.

Xalıq evakuatsiyasın ta'miyinlew jobalarg'a tiyisli barqulla ish ju'ritiwshi basqarıw organları ta'repinen islep shıg'arıladı.

Xalıq evakuatsiyasın islep shıg’arıw aymaqlıq h’a’m aymaqlıq emes printsipke muwapıq jobalastırıladı.

**İslep shıg’arıw** – aymaqlıq printsip ayrıqsha jag’day aymaqlıg’ınan isshiler, xızmetshiler, talabalar, oqıwshı ka’rxanalar, sho’lkemler, oqıw orınları boyınsha islep shıg’arıw h’a’m xızmet ko’rsetiw qa’nigeliginde ba’nt bolmag’an xalıqtı g’ana jasaw jayınan transportta alıp shıg’ıwdı na’zerde tutadı. Aymaqlıq printsip islep shıg’arıw h’a’m xızmet ko’rsetiw qa’nigeliginde ba’nt bolmag’an xalıqtı jasaw jerinen ma’h’a’lle bo’limleri arqalı alıp shıg’ıwdı ko’zde tutadı.

Ayrım jag’daylarda evakutsiya aymaqlıq printsip tiykarında yag’nıy evakuatsiya xabar berilgen waqıtta tuwrıdan tuwrı xalıq qay jerde bolsa sol jerde a’melge asırıladı.

**Xalıq evakuatsiyasını sho’lkemlestiriw:**

Xalıqtı ayrıqsha jag’daylarda aymaqlıg’ınan evakuatsiya etiw h’a’r bir jag’dayda ayrıqsha jag’daydın’ ju’zege keliwi h’a’m rawajlanıw sha’riyatları, waqıt ko’rsetkishleri menen anıqlanadı.

Ayrıqsha jag’daylarda qa’wip tuwrısındag’ı isenimli xabar alıng’annan son’ tayarlıq ilajları o’tkiziledi. Bunnan maqset ayrıqsha jag’daylarda aymaqtan xalıqtı uyımlastırıw tiykarında transportta eki piyada alıp shıg’ıw ushın barlıq za’ru’rli sha’riyatlardı jaratıwdan ibarat.

Olar qatarına:

- Evakuatsiya organların tayar jag’dayg’a keltiriw h’a’m jumıs ta’rtibine anıqlaw;

- Evakuatsiya qılınatug’ın, tiykarınan transportta h’a’m piyada, xalıq sanın anıqlaw;

Evakuatsiya qılınatug’ın sonday – aq transportta piyada xalıq sanı anıqlastırıw transportı qurallarında adamlardı transportqa shıg’arıw stantsiyalar (punktler)g’a bo’listiriw kalonolar sanı anıqlaw h’a’m olardı piyada jo’nelislerge biriktiriw punktı, transportqa shıg’arıw tu’siriw punktlerin tayarlaw.

- xabar beriw h’a’m baylanıs sistemaların durıslıg’ın tekserip ko’riw.

- bar bolg’an qorg’aw imaratların durıs jag’dayg’a keltiriw.

Evakuatsiya o’tkiziw tuwrısında xabar alıng’anınan son’ to’mendegi ushrasıwlar o’tkiziledi.

- evakuatsiya organları, karxana, mekeme baslıqlarına, sonday – aq xalıqqa evakuatsiya baslang’anı h’a’m o’tkiziliwi tuwrısındag’ı xabardı beriw.

- evakuatsiya organların jew h’a’m mass jag’dayg’a keltiriw

- qa’wipsiz aymaqlarg’a evakuatsiya qılınatug’ın xalıqtı jıynaw h’a’m jo’netiwge tayarlaw.

- piyada kolonalardı payda qılıw h’a’m baslang’ısh punktlerge alıp shıg’ıw, transportlarg’a shıg’arıw jaylarına transport quralların keltiriw h’a’m xalıqtı shıg’arıw.

- evakuatsiya qılıng’an aymaqtı aldın ala o’mir iskerliginin’ birinshi na’wbettegi tu’rleri ta’miynlep qoyılg’an qa’wipsiz orınlarda qabıl qılıw h’a’m jaylastırıw.

Ayrıqsha jag’daylarda h’a’r bir anıq tu’rinde evakuatsiya o’tkiziw o’zine ma’s belgilerge iye boladı.

**Jer silkiniw** evakuatsiya yaki jergilikli, yaki teretoriyalıq ko’riniske iye boladı. Evakuatsiya o’tkiziw mu’ddeti – jol transport imkaniyatları menen anıqlanadı.

Evakuatsiya islep shıg’arıw – aymaqlıq tiykarında bir basqıshta zıyan ko’rgen aymaqlarda jıynaw evakuatsiya punktlerin jayıw arqalı a’melge asırıladı.

Radioaktiv zıyanlanıwda evakuatsiya yaki jergilikli yaki regionlıq ta’rizde, teretoriyalıq usıl tiykarında, ayrım obektler (balalar u’yleri, psixonevrologik meditsina sho’lkemleri, İnternet h’.t.b.) lardı qosılmag’an h’alda o’tkiziledi. Evakuatsiya 2 basqıshta: 1 – transportqa shıqqan jaydan aralıq evakuatsiya punktine shekem, 2 – aralıq evakuatsiya punktdan rejedegi jaylarg’a shekem o’tkiziledi.

**Aralıq evakuatsiya punktında «taza transport» o’tkiziw a’melge asırıladı.**

Ximiyalıq avariyada ekonomika obekti jag’ında jasawshı xalqı waqıt azlıg’ı sebepli, a’dette qa’wipli teretoriyadan alıp shıg’ıp ketilmeydi, kerisinshe panajaylarda h’a’m germetiklang’an xanalarda jasırınadı. Qalg’an xalıq

evakuatsiyası ju’zege kelgen sharayattan kelip shıg’ıp, tiykarınan piyada en’ qısqa mu’ddetlerde a’melge asırıladı.

**Selden qa’wipli teretoriyalardan** evakuatsiya sel ag’ımı formalanıwı qa’wipi ju’zege kelgende, formalang’an da’wirde ayırım jag’daylarda sel ag’ımı toqtag’annan son’ o’tkiziwi mu’mkin.

Evakuatsiyanı a’welden o’tkiziw maqsetke muwapıq. Sel ag’ımı formalang’anda bolsa, asıg’ıs (keshiktirip bolmaytug’ın) evakuatsiya o’tkeriledi. Evakuatsiya tezligi sel tolqınının’ qorıqlanıp atırg’an obektke jetip keliw shamalı waqıt penen anıqlanadı. A’dette bul waqıt 4 saatlıq aralıqqa deyin boladı, keyin bolsa real qa’wiptin’ ju’zege keliwine baylanıslı. Evakuatsiya lokal yaki ma’h’a’lliy ko’lemge iye bolıp, 2 basqıshta jıyma evakuatsiya punktlerin jaymastan o’tkiziledi. Sel taslap ketilgen u’yler h’a’m xalıq punktlerin wayran qılg’anında bolsa jıyma evakuatsiya punktleri arqalı rejelestirilgen territoriyalarg’a alıp ketiledi. Xabar beriw aldınnan (pragnoz boyınsha) yaki sel bası signal u’stininen o’tkennen son’ beriledi.

**Qar ko’shiw qa’wipi bar jerlerden** evakuatsiya qar ko’shiwi qa’wipi ju’zege kelgeninde, olar tu’siwi toqtag’annan son’ (o’miri ta’miynlewshi obektleri wayran bolg’anında) o’tkeriledi. Evakuatsiya a’tirap ortalıq tiykarında qurıladı h’a’m rejeli xarakterge iye bolıwı, bunın’ ilajı bolmag’an h’allarda asıg’ıs bolıwı lazım.

**Avariyalıq suw basıwları h’a’m suw tasqınlarında** evakuatsiya GTİ jarılg’anda yaki suw h’a’wizlerindegi suw qa’ddi asqanda sonday – aq suw obekiler h’a’m o’mirlik taminat dizimlerin isten shıg’arg’anında o’tkiziledi. Evakuatsiya lokal yaki jergilikli xarakterge iye bolıp, aldınnan o’tkiziletug’ın evakuatsiyada jıyma evakuatsiya punktleri (islep shıg’arıw - a’tirap ortalıqta) jayıladı. Waqıt az bolg’an h’allarda evakuatsiya aymaqlıq ta’rep tiykarında 1 yaki 2 basqıshda aralıq evakuatsiya punktlerin jayıw jolı menen o’tkiziledi.

Xalıq evakuatsiyasın rejelestiriw. Sho’lkemlestiriw h’a’m o’tkiziw tuwrıdan – tuwrı qalalar, rayon walayatlardın’ evakuatsiya organları, ma’mleket organları, ayrıqsha jag’daylar basqarma h’a’m bo’limleri ju’kletiledi.

**Evakuatsiya organlarına:**

- evakuatsiya komissiyaları (EK);

- qabıl qılıw evakuatsiya komissiyaları (QQEK);

- jıyma evakuatsiya punktleri (YEK);

- qabıl qılıw evakuatsiya punktleri (QQEM);

- aralıq evakuatsiya punktleri (OEP); - piyada evakuatsiya jo’nelislerinde basqarıw gruppaları;

- evakuatsiya qılınatug’ın xalıqiı transportta (piyada) alıp shıg’ıw asıg’ıs gruppaları kiredi.

Evakuatsiya komissiyaları ayrıqsha jag’daylar ma’mleketlik sistemasının’ barlıq da’rejelerinde jumısshılar, xızmetshiler h’a’m xalıq evakuatsiyası rejelestirilgen orınlarda sho’lkemlestiriledi.

Territoriyalıq evakuatsiya komissiyaları quramına tiyisli administratsiya baslıqları qararı menen sol administrativlik territoriyalıq bo’limlerinin’ juwapker xızmetshileri tayınlanadı

Evakuatsiya komissiyasının’ baslıg’ı etip, a’dette, administrativ – territoriyalıq bo’lim baslıg’ının’ orınbasarı tayınlanadı. Evakuatsiya komissiyası ag’zaları etip den sawlıqtı saqlaw, ta’lim, ja’miyetlik ta’miynlew organları, transport sho’lkemleri, ishki isler basqarmalarının’ baslıqları (olardın’ orınbasarları) h’a’mde garnizon h’a’m qorg’anıw isleri bo’limlerinin’ wa’killeri tayınlanadı.

Ayrıqsha jag’day territoriyasınan evakuatsiya qılınatug’ın xalıqtı qa’wipsiz orınlarda qabıl etiw, jaylastırıw h’a’m o’mir sho’lkemlestiriw ushın qabıl qılıw, evakuatsiya komissiyaları du’ziledi.

O’zin - o’zi basqırıw jergilikli organları qasında du’ziletug’ın qabıl qılıw evakuatsiya komissiyaları quramına jergilikli administratsiya wa’qilleri sonday – aq, sho’lkemlesiw – h’uqıqıy formasınan qaramastan materiallıq islep shıg’arıw yaki mekemeler, sho’lkemlerdin’ (bunnan son’ – ekonomika obektleri) wa’killeri kiritiledi.

Evakuatsiya ushrasıwların rejelestiriw islerin evakuatsiya komissiyaları ayrıqsha jag’daylar basqarmaları h’a’m bo’limleri h’a’kimlikler sonday – aq ekonomika obektleri qatnasıwında a’melge asıradı.

Evakuatsiya rejeleri tınıshlıq da’wirde ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket qılıw rejelerinin’ bo’limleri ko’rinisinde ra’smiylestiriledi.

Tiyisli evakuatsiya komissiyaları ayrıqsha jag’daylar basqarmaları sonday – aq jergilikli xa’kimiyat organları h’a’m ekonomika obektleri qatnasıwında evakuatsiya qılıng’an xalıqtı qabıl qılıw, jaylastırıw h’a’m birinshi na’wbette o’mir iskerligin ta’miynlew rejelerin islep shıg’adı. Olar h’a’m tınıshlıq da’wirde ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw h’a’m h’a’reket qılıw rejesinin’ bo’limleri ko’rinisinde

## 7.Baxıtsız ha`diyselerde birinshi ja`rdem ko`rsetiw

Belgili, jarahatlanıw aqıbeti o`z waqtında ko`rsetilgen jardemge ko`p ta`repten baylanıslı boladı. Sonın` ushın ha`r bir islewshi tikkeley baqıtsız xa`diyse payda bolg`an jerlerde vrachqa birinshi ja`rdem ko`rsetiwdi biliw kerek.



3-su`wret. Kishi ha`m teren` bolmag`an jaraqatlardı likoplastır menen baylaw.



4- su`wret. Barmaqlardı krest (yaki segiz) baylaw .

Islep shıg`arıw ka`rxanaları, sho`lkemlestiriw tsexlarda, bo`limlerde, brigadalarda, dala shiyponlarında , fermelerde, ustaxanalar ha`m basqa islep shıg`arıw uchastkalarında birinshi ja`rdem ko`rsetiwge arnawlı oqıtılg`an 3-4 adamnan ibarat sanitar postlar islenedi. Sanitar postları za`ru`r meditsina da`riler ha`m baylaytug`ın materiallar bar bolg`an aptechkalar menen ta`miyinlenedi.

Islep shıg`arıwda jaraqatlanıw onı keltirip shıg`arıw sebeplerine qaray sha`rtli tu`rde sho`lkemlestiriwshi ha`m texnik tu`rlerge bo`linedi .

**Sho`lkemlestiriwshi xarakterge iye bolg`an islep shıg`arıw jaraqatlarının` sebeplerine to`mendegiler kiredi:**

-Tikkeley ku`nlik jumıslardı yaki islep atırg`an adamlardın` den saulıg`ı ushın joqarı da`rejede qa`wipli jumıslardı orınlaw aldınnan qa`wipsizlik texnikası boyınsha ko`rsetpelerdin` o`tilmewi ;

-qa`wipsizlik texnikası boyınsha ko`rsetpelerdin` o`tiliwi, biraq jumıstı orınlaw barısında og`an a`mel qılınıwı jeterlishe qadag`alamaw;

-jumıstı (ha`r tu`rli islep shıg`arıu tapsırmaların) orınlaw waqtında za`ru`r qorg`aw (ko`za`ynek,maska, respirator, tosıq ha`m basqalar ) qurallarınan paydalanbaw;

-jumısshı zonada jumıstı orınlaw ushın kereksiz bolg`an buyım ha`m zatlardın` bar ekenligi ;

-quramalı ha`m juwapkershilikli ha`m juwapkershilikli jumıslarda sheberligi jeterlishe bolmag`an jumısshılar miynetinen paydalanıw ;

-jaraxatlaw itimalı bar orınlarda orap turıwshı shitler, tosıqlar xa`m kojuxlarды joqlıg`ı;

-adam sawlıg`ı ushın qa`wip joqarı bolg`an jumıs orınların jeterlishe sharayat jaratılıwı;

-qa`wip haqqında «Toqta! Joqarı ku`shleniw», yaki «Abaylı bolın`! Rabotlar avtomatik rejimde islemekte», «Jol joq, qa`wipli zona» ha`m basqa sıyaqlı eskertiwshi belgilerdin` joqlıg`ı ;

-texnologik rejimnen shalg`ıw, texnologik barıslardı qopal buzılıwı h.t.b. ;

-ol yaki bul sebeplerge qaray jumısqa jumıs waqtı dawamında dem alıs ha`m dem alıw waqtının` berilmewi;

**Texnik xarakterge iye bolg`an islep shıg`arıw jaraqatlarının` sebeplerine to`mendegiler mısal boladı:**

- jumısshının` ayıpsız texnologik wskene yaki stanoktın` bir bo`legin avariya sebep jumıstan shıg`adı;

-quramalı operatsiyalardı orınlap atırg`an qandayda bir mexanizmdi eskertpesten elektr energiyasınan ajrıratıw;

-ju`k ko`teriw mexanizminin` ju`k ko`teriw waqtında ku`tilmegen polat arqanının` u`ziliwi ;

-ha`r tu`rli o`zgeriwshen` terbelmeli ju`k astında elektr jetkeriw sımının` u`ziliwi;

-qısılg`an gaz ballonın quyash nurınan yaki basqa ıssılıq deregi ta`sirinde qızıp ketiwi na`tiyjesinde partlawı;

-gazogeneratorlı qurılmaların ximiyaliq reaktsiyalar barısında ku’shli qızıwınan partlawı;

-islep shıg`arıwdı ishki sistemalardı ta`miyinlewshi gaz, jıllılıq suw yaki puw trubalarının` u`ziliwi ;

- joqarı basım astında islewshi ıdıslardın` partlawı;

- ha`r tu`rli meteorologiyaliq faktler (ku`shli quyin, qalın qar, dawıl ha`m basqalar) ta`sirinde imaratlar ha`m konstruktsiyalarının` qulawı;

Joqarıda ta`kirarlang`anlardan islep shıg`arıwda jarahatlang’anlardı aldın alıwdın` en` na`tiyjeliligi sholkemlestirw xarakterindegi is-ilajlarg’a baylanisli boladi. Bul **is-ilajlar** to`mendegi jumıslardı o`z ishine aladı :

- ka`rxana administratsiyası, texnika qa`wipsizligi boyınsha qaniyge ha`mde usta ha`m brigadirlardı jumısshılar ta`repinen texnika qa`wipsizligi qag`ıydalarg`a a`mel qılıwdı, miynetti tuwrı sho`lkmlestiriliwin baqlaw ha`m tekseriw jumısların alıp barıw ;

- narkotik zatlar yaki alkogol ta`sirinde esin jog`altıw , texnika qa`wipsizligi qg`ıydaların buzg`an jumısshılardı tezlik penen jumıstan bosatıw ;

- funktsional rejim buzılg`an yaki nasaz mexanizm ha`m wskenelerde islewdi toqtatıw ;

- quramalı, ko`p diqqat tala etetug`ın jumıslar menen ba`nt bolg`an jumısshıladı tibbiy ko`rikden o`tkeriw;

-jumısshılardı qa`wipsizlik texnikası boyınsha tiykarg`ı mag`liwmatlardı o`z ishine alg`an texnik oqıwg`a barqulla ha`m turaqli itibar qaratıw;

- jumısqa qabıl qılıng`an ha`r bir jumısshını texnika qa`wipsizligi qag`ıydaları menen tanıstırıw , olarg`a sanitar-texnik qorsetpeler o`tiw;

- jumısshını qosımsha jumısqa yaki tiykarg`ı qa`niygelikke (qa`niygeliginen) basqa jumısta islewine jol qoymaslıq h.t.b.

**Texnik sebepler boyınsha islep shıg`arıw jarahatlanıw profilaktikası to`mendegilerdi o`z ishine aladı :**

-ha`r tu`rli u`skeneler, mexanizmlerdi sistemalıq tekseriw ha`m sınawdan o`tkeriw; -stanok, mashina, u`skenelerdi tiykarg`ı bo`limlerin ortalıq tekseriwden o`tkeriw;

-basım astında isleytug`ın ıdıs ha`m uzatıw trubaların ortalıq sınawdan o`tkeriw;

-quramalı texnik qatnasıqlardag`ı qurılmalardı yaki islep atırg`an u`skeneler sistemasındag`ı ha`r tu`rli qorg`aw rele yaki klapanları islewin sistemali tu’rde tekserip turiw.

## 8. Jaraqatlang`anda ha`m zaqım jegende birinshi ja`rdem ko`rsetiw

Ja`rdem ko`rsetiwshi adam qolın sabın menen jaqsılap juwıwı lazım,eger bunın` ilajı bolmasa barmaqlardı yod nastoykası menen maylawı kerek. Jarahat jerin suw menen juwıw , onı tazalaw ha`m og`an ha`tte juwılg`an qol menen tiyiw mu`mkin emes . Eger jarahat jeri ku`shli patas bolsa onın` a`tirapı mikroblardan tazalaw vatası yaki oramal menen artıladı .



1 2 3

5-su`wret.

Qan toqtatıwshı jugut ha`m onın` ornın basıwshı zatlar ;1-kamar belbawınan paydalanıw; 2-burama ku`yiw; 3-rezina jgut.

Qan aqpaytug`ın , sılıng`an, sanshılg`an , adam jaraqat jerlerin 5% li yod nastoykası menen maylaw ha`m mikrobqa qarsı baylaw zaru`r . Onsha u`lken bolmag`an jarahatlarg`a dezinfiktsiyalawshı ha`m pataslanıuınan saqlawshı plastir, 5F – 6 kleyi ha`m basqalar menen kleylew kerek.

Eger jarahatlang`an jerden qan aqsa birinshi ja`rdem ko`rsetiw usulı qan ag`ıwının` ko`riniwine baylanıslı boladı. Qan ag`ıwı a`dette qan tamırları pu`tinligi buzılg`anda ha`r tu`rli intensivlikdegi qan ag`ıw menen baqlanadı . **Qan ag`ıw:** sırtqı (qan dene sırtında, u`stinen aqqanda) ha`m ishki (qan ishki organlarda, toqımalarda aqqanda) baladı. Qan tamırlarının` jarahatlanıwlarına baylanıslı tu`rde qan ag`ıw ko`rinisleri bir neshe tu`rli boladı. **Sırtqı arterial**-puls menen tez, qan

tu`ri-ashıq-qıizıl, sol menen  birge ol jarahat ornında bo’linip ag`adı , organizmde ulıwma ku`shsizlik ha`m denenin` jaraqatlanıwı ornında ku`shli  awirıw boladı .

**Vena qan tamırı** jarahatlang`anda qan qara-qızıl ren`de dizilip ag`a baslaydı. Eger qan bo`lek tamshı ko`rinisinde aqsa  ha`m jarahat ornında qanasa bul kapillyar qan ag`ıw espalanadı. Arteriya qan tamırı jarahatlang`anda jaraqat jerinen u`zik-u`zik dizilgen qan ag`ıu`ı baqlang`an.



1 2 3 4



5 6

6-su`wret . Arteriyanı astıng`ı su`yeklerge  barmaqlar menen qısıw usulları:
1-shekege tiyisli; 2-to`mengi jaqqa tiyisli; 3- moyıng`a tiyisli ;
4-bilekke tiyisli; 5-alaqang`a ha`m alaqan u`stine tiyisli ; 6-sang`a tiyisli.

Vena ha`m  kapillyar qan ag`ıwının` jarahatlang`an ornı zatlar menen tıg`ız baylanıs arqalı toqtatıladı .Bunın` ushın jarahatlang`an orıng`a mikroblardı o`ltiriwshi oramal bo`lekshesi bu`klep qoyılıp onın` u`stine  vata qatlamı qoyıladı bint menen bekkem  baylanadı.

Arteriyadan qan ag`ıwı en`  qa`wipli bolıp esaplanadı . Bunday jarahatlanıwda qandı toqtatıw ushın jarahat ornınan joqarıda arteriyanı bekkem qısıp baylaw ,eger

bul menen qan toqtamasa jgut yaki buramadan paydalanıw kerek boladı (5-6-su`wret). Bunın` ushın rezina truba , jip , qayıs, oramal ha`m basqalardan paydalanıladı. Jgut penen arteriyanın` jarahatlang`an ornın joqarıdan belgili tochkalardan denege bekkem qısıp baylanadı. Denedegi jaraqatlang`an jerlerden qanlardın` ag`ıwın toqtatıw tochkaları 7-su`wrette ko`rsetilgen.

Ayaqlar jarqatlang`anda, qan ag`ımın toqtatıwdın` en` a`hmiyetli usılı ayaqtı, beldin` joqarı o`legine bekkem qısıp bbaylaw bolıp esaplanadı. Jgutni baylawdan aldın ayaqlar ko`teriledi . Sonday aq bilek baltırlar jarahatlanıp arteriyadan qan ag`ıwın baklang`anda jarahatlanıw ko`rinisine qarap jgut yaki onın` ornın basatug`ın materiallar menen aylanadı 7-su`wret.



1 2 3 4

7-su`wret . Arteriyadan ag`ıp atırg`an qanı toqtawınan ayaqlardı maksimal iyiw; 1-jelke aldı; 2-jelke; 3-bel; 4-baltır.

Eger jarahat mu`skil astında yaki sol sıyaqlı qolaysız orınlarda, quramalı jag`daylarda bolsa jgutdan paydalanıw mu`mkin emes. Bunda qarın menen san arasında parol`on yaki basqa jumsaq zatlar qoyıladı. Son` ayaqlı maksimal iyiledi ha`m ol beldin` joqarı bo`legine bekkem baylanadı.

Qol ha`m ayaqlardı ha`m basqa jerlerdi su`yekler sıng`anda ha`m shıqqanda jarahatlang`anlarg`a birinshi ja`rdemdi sıng`an jerlerin qıymıldamaytug`ın qılıp bekkem baylaw ha`m olardı qolay jag`dayda jatqarıu`dan baslaw kerek. Sıng`an jerlerdi baylawda qolay ha`m onı awrıwsızlıg`ın ta`miyinlewde juqa taxta, tayaqsha ha`m kardon qag`azlardan padalanıladı ha`m olardı baylaw bint, qayıs, jip ha`m basqalar menen a`melge asırılıwı ko’rsetilgen (8-su`wret).

Jarahatlang`an jerlerin  taxta ha`m sog`an uqsaslardan sonday paydalanıw kerek, bunda olar sıyaqlı jerlerdi to`mengi ha`mde joqarı jerlerin de qamrap aladı. Ashıq sınıw  jag`dayı onı  baylawdan aldın qan ag`ıwı kerek .



8-su`wret. Ayaqları sıyaqlı jarahatlang`an adam birinshi ja`rdem ko`rsetiw.

Omırıtqada sınıw ju`z bergende jarahatlang`an adamnın` to`mengi bo`legi pa`ner  yaki tenis ag`ash  qoyıw lazım (9-su`wret).

Bunda jaraqatlang`an adamni gavdasini egilmasligini taminlash kerak. Jaraqatlang`an adamning qovurg`asi singan (dem olishda og`riq bwlsa) dem chiqarishda ko`kreni bint menen yoki sochiq menen qisib wrash kerak bwladi. Organizmda suyaklar chiqqanda ularga faqat tibbiy yordam kwrsatishga ruxsat beriladi.



9-su`wret omırıtqası  sıng`an adamg`a birinshi ja`rdem ko`rsetiw.

Jarahatlang`anda zaqım alg`an jer isken jerlerin  bekkem  baylang`an  ha`m zaqım alg`an jerge  taza na`rse basıladı. Qarın a`tirapınan zaqım jewi ju`da` qa`wipli. Bunday halda jarahatlang`an adamnın` tezlik penen emlewxanag`a jetkeriw kerek.

## 9. Elektr tog`ınan jarahatlang`an adamg`a birinshi ja`rdem ko`rsetiw

Insan elektr tog`ınan jaraqatlang`anda onı da`slep elektr tog`ının` ta`sirinen qutqarıw kerek. Bug`an jaraqatlang`an adamdı toq jetkeriwshi bo`leklerden ajratıw yaki kernewdi o`shiriw menen erisiledi .

Kernew 1000 V g`a shekem bolg`an setlerdi tok jetkeriwshi bo`leklerden adamdı ajıratıw, qurg`aq tayaq, ag`ash, kiyim yaki basqa qanday da bir tok o`tkermeytug`ın zatlar ja`rdeminde a`melge asırıladı .Eger adamdı toq jetkeriwshi bo`leklerden ajıratıw qıyın bolsa , toq jetkeriwshi sımdı qu`rg`aq sapli balta yaki basqa izolyatsiyalang`an sapli qural menen shabıw kerek.

Kernew 1000 V den joqarı bolg`an setlerde jarahatlang`an adamdı ajiratıw izolyatsiyalang`an shtanga yaki qısqısh, dielektrik qolg`ap ha`m batinkalar ja`rdeminde orınlanadı. Sonin’ menen birge toq ta`sirinde adamg`a elektr qa`wipsizligi is-ilajların ko`rmesten tiyiw qutqarıwshı adamnın` o`zi ushın qa`wipli. Jarahatlang`an adamg`a ja`rdem beriwde tiykarg`ı sha`rtli tu’rde ja`rdem beriwdin` tezligi bolıp esaplanadı , sebebi insan ju`regi shok bolg`anda bes minutdan son` onı saqlap qalıw mu`mkin emes .

Eger jaraqatlang`an adam ba`lentlikte bolsa, kernew o`shiriwden aldın onın` jıg`ılıwı qa`wipsizlikti ta`miyinlew kerek. Elektr tog`ınan jaraqatlanıwdın` barliq jag`daylarda jaraqatlang`an adamnın` jag`dayı qanday bolıwınan qatti na`zer vrachqa ko`riniw kerek. Elektr tog`ı ta`sirinen insan qutqarılg`annan son` onın` jag`dayın anıqlaw za`ru`r boladı . Eger jarahatlang`an adam esin jog`altpag`an bolsa onı qolaylı jerge jatqarıw ha`m vrach jetip kelgenshe onı tınısh qoyıw ha`m ba’rqulla dem alıwın ha`m ju`rek urısın baqlaw talap etiledi.

Eger jaraqatlang`an adam esin jog`altqan jag`dayda bolıp , biraq dem alıp atırg`an ha`m ju`regi urıp atırg`an bolsa, onda qolaylı jag`dayda jatqarılıp, jag`a sa`deplerin ha`m belindegi qayıstı sheshiw kerek ha`mde murıng`a nashatir spirtge ıg`allang`an paxta tutıw ju`zine suw bu`rkip ha`mde onı tınısh qoyıw lazım.

Dem alıw ha`m ju`rek iskerliginin` toqtawı elektr tog`ı ta`sirin en` awır aqıbeti bolıp esaplanadı

Eger jaraqatlang`an adam dem almay atırg`an bolsa, biraq ju`regi urıp turg`an bolsa, og`an jasalma dem beriw kerek. Eger ju`rek urısı toqtag`an bolsa, og`an jasalma dem beriw menen birgelikde ju`regin ha`m sırtqı ko`rinisine massaj qılıw talap etiledi.

Jasalma dem beriwdin` en` na`tiyjeli jolı jarahatlang`an adamnın` awzınan yaki murnınan awız menen hawa beriw bolıp esaplanadı . Bunda jaraqatlang`an adam arqası menen jerge jatqarılıp kiyimleri yaki basqa zat orap qaqpaqları ha`m moynı astına qoyılıp moynı qaqpaq arqag`a iyiltiriledi (10-su`wret) ha`m awız boslıg`ı suwdan tazalanadı ha`m tili shıg`arıladı .

Jaraqatlang`an adamnın` murnı qısıladı awız ha`m murıng`a qurg`aq oramalsha menen qol salfetka qoyıp ja`rdem berip atırg`an adam eki-u`sh teren` dem alıp jaraqatlang`an adam awzına hawa berip u`pleydi. Jasalma dem beriw jiyiligi minutına 12…14 ma`rteden aspawı kerek ,sebebi bul ta`biyg`ıy dem alıw ritmine say keledi . Jasalma dem beriwdi jaraqatlang`an adamda ritmik dem alıw tiklengenshe dawam ettiriw lazım .

Sanaatda jasalma dem beriwdin` apparatları shıg`arılg`an. Bul maslama komplektinde maska ha`m ha`r tu`rli o`lshemdegi (u`lken jastag`ı ha`m o`spirimler , balalar ushın) hawa u`plegishler kiredi.

Eger jaraqatlang`an adamnan ju`rek urıwı baqlanbasa ju`regi sırtqı massaj islenedi. Bunın` ushın jaraqatlang`an adam arqası menen qandayda bir qattı tegis betke jatqarılıp,aldı ta`repke sa`depleri sheshilip ko`kregi ashıladı. Ja`rdem beriwshi adam bunda bir qolın ko`krek bo`leginin` kerekli jerine alaqanı menen, ekinshi qolın bolsa ko`krekke qoyılg`an qol u`stine menen qoyılg`an jag`dayda ko`krekti omırtqa ta`repke basadı (10-su`wret, on`nan to`menge).

Ju`rekti massaj qılıwda truba zıyan bermewi ushın abaylı bolıw kerek. Massajdın` na`tiyjeliligi u`lken arteriya qan tamırlarda pul`stın` payda bolıwı menen bahalanadı.



10-su`wret. “Awızdan-awızg`a ” jasalma dem beriw (shepten) ha`m ju`rekten (tik bolmag`an jag`dayda ) sırtqı massaj qılıw (onnan).

Bunda ko`krek bo`legi tik jag`dayda 3…4 sm ge shekem teren`likke minutına 60 ma`rte jiyilikte basıladı. Ko`krekten bunday basıw ju`rekten qısıp shıg`arılg`an qan, qan tamırlarg`a kiredi.

Ko`p jag`daylarda jaraqatlang`an adamlardın` ju`regin massaj qılıw olarg`a jasalma dem beriw menen birge alıp barıladı. Bunda jasalma dem beriwdi ko`krek quwıslıg`ın basıw waqtı aralıg`ında orınlaw kerek. Jaqsısı bunı eki adam orınlag`anı maqul, bir adam ko`kre qafasini 4…5 marta bosadi, swngra ikkinchi adam jaraqatlang`an adam o`kpesine hawa beredi. Bul barıs sol jag`dayda ta`krarlanadı .

Meditsina xızmetkeri ju`rek iskerligin tiklewshi na`tiyjeli usıl ta`jiriybelerine iye boladı, bul maqset ushın defibrillyator degan arnawlı apparatlar qollanıladı ha`m olar ja`rdeminde ju`rek arqalı joqarı kernewli qısqa elektr zaryadı payda etiledi ha`m bul ju`rek mu`skillerin ulıwma qısqarıwına sebep boladı .

## 10. Ku`ygende ha`m suwıq urg`anda birinshi ja`rdem ko`rsetiw

Ku`yiwler terige joqarı temperatura ta`sirinde (termik) ha`m kislota ta`sirinde (ximiyyalıq) payda boladı .Awırlıg`ı boyınsha ku`yiwler to`rt da`rejege bo`linedi.

***Birinshi*** da`rejeli ku`ygende terinin` qızarıwı , onda isik payda bolıwı, ekinshiden – suyıqlıqqa tolg`an ko`biksheler payda bolıwı, u`shinshiden – terinin` o`liwi, to`rtinshide – terinin` ko`mirge aylanıwı .

Birinchi da`rejeli ku`yiwde terining ku`ygen jeri taza suw ag`ımı, suwıq sut o`nimleri (qatıq, smetana h.t.b), odekalon, arak yaki margantsovkanın` ku`shsiz eritpesi, $70^0$ li spirt menen ıg`allanadı

***Ekinshi ha`m u`shinshi*** da`rejeli ku`yiwde terinin` jaraqatlang`an jerine mikroblardı o`ltiretug`ın material qoyıp baylanadı. Suyıqlıqqa tolı ko`bikshelerdi jarıw ha`m kiyimlerdin` jabısqan jerlerin ajratıw mu`mkin emes.

Denenin` ku`ygen jerlerin kiyimlerden ajratıwda ju`da` abaylı bolıw kerek. Bunday jag`daylarda kiyimdi sheshiwde, denenin` ku`ygen jeri sılınbawı ha`m pataslanbawı kerek .Elektr tog`ı ta`sirinde ko`zler ku`ygende onı 2 % ti bar kislotası eritpesi menen shayıw kerek. Kislota ta`sirinde denenin` ku`ygen jeri 12…20 minut dawamında suwıq suw ag`ımı menen juwıladı. Son`, kislotadan ku`ygen jag`dayda soda eritpesi menen, ishqorda ku`ygende bolsa sirke yaki bar kislotasının` kushsiz eritpesi menen shayıladı.

To`rtinshi da`rejeli ku`yiw terini awır jaraqatlanıwg`a alıp keledi, bunnan basqa ol jaraqatlang`an adamdı albırawına sebep boladı . Bunday jag`dayda albıraw esin jog`altıwg`a alıp keledi . Bunın` na`tiyjesinde tamır urısın qıyınshılıq penen anıqlanıladı, ko`z aylanadi, dem alıw tez ha`m ju`zeki boladı, geyde sezgirlik jog`alıp, insan birden ag`arıp ketedi. Bunday ku`yiwde vrachqa shekem birinshi ja`rdem to`mendegilerden ibarat boladı : jaraqatlang`an adamdı ku`ygen jerine jabısqan kiyimleri abaylap sheshiledi. Kiyim bo`leklerdi tartıp alınbaydı, ba`lki , ku`ygen jeri shegarasınan qayshı menen kesip alınadı. Terige margantsovkanı kushsiz eritpesi menen islew berip sterillengen baylam qoyıladı Vrachqa shekem birinshi ja`rdem ko`rsetilgennen son` jaraqatlang`an adam tezlik

menen tibbiyat ornına alıp barıladı. Suwıq urıs jag`dayları tiykarınan jıldın` suwıq da`wrinde ashıq hawada islengende baqlanadı . Suwıq urıwı to`rt da`rejege bo`linedi . Birinshi da`rejeli suwıq urıwda teride ag`arıw ha`m isik ko`rinedi , onın` sezgirligi kemeyedi . Ekinshi da`rejeli suwıq urıwının` xarakterli belgileri teride anıq ren`li suyıqlıq ko'bik payda boladı . u`shinshi da`rejeli suwıq urıwında terinin` o`liwi, qanlı suyıqlıqlarg`a tolg`an ko'bik ha`m to`rtinshi da`rejeli suwıq urısında ha`mme jumsaq toqımalardın` o`liwi baklanadı.

Birinshi da`rejeli suwıq urıwında deneni jaraqatlang`an beti taza jumsaq zat penen qızarg`ansha yaki jıllılıq sezgenshe ısqalanadı. Son` terinin` suwıq urg`an jeri odekalon yaki araq penen artıladı ha`m qızdırılg`an mikrobtı o`ltiretug`ın material qoyıp baylanadı . Suwıq urg`an terini qar menen ısqalaw usınıs etilmeydi ,bunda teri jaraqatlanıwı ha`m infektsiyalanıwı mu`mkin.

Terinin` u`lken bo`limin suwıq urıp, pu`tin organizm sezilerli maylang`anda, jaraqatlang`an adamg`a ıssı vanna ($37^0$S dan joqarı bolmag`an) qabıl qılıw usınıs etiledi. Denenin` suwıq urg`an betin xana temperaturasındag`ı suwg`a toltırılg`an tabaq yaki satilg'a tu`siriw ha`m suwdın` temperaturasın a`ste-aqırın $37^0$S qa jetkeriw kerek. Ekinshi, to`rtinshi da`rejeli suwıq urg`anda jaraqatlang`an teri mikroblardı o`ltiretug`ın material menen baylap, jaraqatlang`an adamdı dawalaw ornına alıp barıwı lazım. Awır jag`daylarda, eger jaraqatlang`an adamda o`mir belgisi ko`zge ko`rinbes, jasalma dem beriw usınıs etiledi .

## 11. Za`ha`rlengende birinshi ja`rdem

Islep shıg`arıu` sharayatında za`ha`rleniw organizmge za`ha`rli gazler suyıqlıqlar yaki shan`lardın` kriwinen payda boladı. Uglerod oksidi (is gazi) menen za`ha`rleniw ısıtıu u`skenelerinen natuwrı paydalang`anda ju`z beredi . Ishki janıw dvigatellerinen shıg`ıp atırg`an chiqayotgan gaz qatarında da uglerod oksidi ko`p mug`darda boladı.

Uglerod oksidi menen za`ha`rlengende bas awrıwı, bas aylanıwı , kewil aynıwı, qansıraw, awır halatlarda bolsa joldan shalg`ıw a`m esin joytıw mu`mkin . za`ha`rleniw belgisi sezilgende jaraqatlang`an adamdı taza hawag`a alıp shıg`ıw, basına suwıq kompress basıw ha`m nashatır spirtti iyiskelew kerek. Jaraqatlang`an adam qaytarmaqshı bolsa onı qaptalı menen jatqarıw kerek. Eger esin joytsa tkezlik penen vrachtı shaqırıw kerek ha`m ol kelgenshe og`an shekem jasalma dem beriw kerek.

Za`ha`rli ximikatlar menen za`ha`rleniw belgisi sezilgende jaraqatlang`an adamg`a tezlik penen birinshi ja`rdem beriw kerek.

Ha`r qanday za`ha`rleniwde da`slep organizmge za`ha`rlerdin` kiriwin toqtatıw is-ilajların ko`riw kerek .Eger za`ha`rleniw xanada ju`z berse jaraqatlang`an adamdı taza hawag`a alıp shıg`ıw , za`ha`rli ximikatlar menen pataslang`an kiyimlerin sheshiw za`ru`r.

Eger za`ha`r organizmge tamaq jolları arqalı orqali kirgen bolsa, jaraqatlagan adamga bir neshe stakan jıllı suw yaki margantsovkanın` ku`shsiz eritpesinen ishkiziw, son` qaytartıw kerek. Kaytarg`anna keyin, za`ha`rdi joq etiw ushın jaraqatlang`an adamg`a 2-3 as qasıq jedellestirilgen ko`mir qosılg`an yarım stakan suw ishkiziw za`ru`r .

Kaytarg`an is-ilajlar, za`ha`r tu`rinen qaramay qollanıladı . Eger za`ha`r tu`ri anıq bolsa onın` quramına baylanıslı tu`rde, qosımsha is-ilajlar qollanıladı. Bunın` na`tiyjesinde asqazang`a kirgzilgen zat za`ha`r ta`sirin neytrallastıradı.

Za`ha`rli ximikatlar terige tiygeninde suw ag`ımı menen jaqsılap sabınlap juwıw yaki za`ha`rdi terige ısqalamastan, artpastan oramal jrdeminde tu`siriw son` suwıq suw yaki ku`shsiz ishqorli eritpe menen juwıw talap etiledi.

# Bir saatlıq is jobası

**Pan ati**: **Insan o`mir qa`wipsizligi**

**Sa’ne**: ___________

**klass*****: 7 b***

**Sabaq temasi**: **O`mir qa`wipsizlik kursının` mazmunı, maqseti ha`m wazıypaları**

**Sabaqtin’ maqseti** Oqıwshılarg`a o`mir qa`wipsizligi pa`ninin` maqseti islep shıg`arıwda avariyasız jag`dayg`a erisiw, jaraqatlanıwdın` aldın alıw, insanlar den sawlıg`ın saqlaw, miynet qa`biletin asırıw, miynet sapasın qalay asırıw kerekligin tu`sindiriw.

**Ta’rbiyaliq maqset:** Jeke jumis islew miynetke degen suyisbenshiligin qaliplestiriw.

**Rawajlandiriwshi maqset:** Teoriyliq ha’m a’meliy jaqtan bilimin qaliplestiriw .

**Sabaq tipi:** Aralas

**Pa’nler araliq baylanis:** Siziw, matematika fizika

**Ko’rsetpe qurallar:**Plakatlar o`rt o`shiriwshi aspablar

**Sabaqtin’ blok sxemasi:**

| | | |
|---|---|---|
| | Sho’lkemlestiriw | 3 min |
| | U’yge tapsirmani soraw,bahalaw | 7 min |
| | Taza tema bayani | 17 min |
| | Taza tema bekkemlew | 15 min |
| | Uyge tapsirma beriw | 3 min |

**Sabaqtin’ barisi:**

Sho’lkemlestiriw (3 min)

Oqishilardin’ qatinasin barlap klass tazalig’in tekserip o’tilgen temani soraw.

**II Uyge tapsirma soraw (7 min)**

**Taza tema bayanlaw: (17 min)** . Oqiwshilar itibarin o’zine qaratip taza tema bayanlaw.

**O`mir qa`wipsizlik kursının` mazmunı, maqseti ha`m wazıypaları**

O`mir qa`wipsizligi (I.O`.Q) — islep shıg`arıw ha`m o`ndirislik emes sharayatında insandı do`gerek a`tirapına ta`sirin esapqa alg`an jag`dayda qa`yaipsizlikti ta`miyinlewge bag`darlang`an bilimler sisteması bolıp esaplanadı.

O`mir qa`wipsizligi pa`ninin` maqseti islep shıg`arıwda avariyasız jag`dayg`a erisiw, jaraqatlanıwdın` aldın alıw, insanlar den sawlıg`ın saqlaw, miynet qa`biletin asırıw, miynet sapasın asırıw bolıp esaplanadı.

Qoyılg`an maqsetke erisiw ushın to`mendegi eki ma`seleni sheshiw lazım boladı:

1. Ilmiy (insan-mashina sistemasın; do`gerek-a`trap-insan, qa`wipli (za`rerli) islep shıg`arıw printsipleri ha`m basqalardı matematik konstruktorlaw);

2.A`meliy (u`skenelerge xızmet ko`rsetiwde miynet qa`wipsizligin ta`miyinlew).

O`mir dawamında insandı do`gerek-a`trap ha`m onın` sırtqıpayda etiwshileri menen o`z-ara ta`siri Yu.N.Kurjakovskiydin` «O`mir tek materiallar, energiyalar ha`m informatsiyalar ag`ımların tiri dene arqalı ha`reketi barısında payda bola almaydı» degen o`mirdi saqlaw nızamına mas jag`dayda elementler arasındag`ı materiallar massasının`,ha`mme tu`rdegi energiyalar ha`m informatsiyalardın` ag`ımları sistemasına tiykarlang`an. O`mirdi saqlaw nızamındag`ı ag`ımlar insang`a o`zin azıq-awqat, suwg`a, hawag`a, quyash energiyasına, orap turg`an ortalıq haqqındag`ı informatsiyalarg`a bolg`an talapların qanaatlandırıwı ushın kerek. Usı menen bir waqıtda insan o`miri fazasıda o`zinen an`lı iskerligi menen baylanısta (mexanik, intellektual energiyalar), bioliogik barısı shıg`ımları ko`rinisindegi belgili massadag`ı materiallar ag`ımları, jıllılıq energiya ha`m basqa energiya ag`ımın ajıratadı

Ja`miyetlik ortalıq ta`biy ha`m texnogen a`lemin o`zlestiriwge bag`ıtlang`an insang`a xarakterli bolg`an ha`mme energiya ag`ımların islep shıg`aradı ha`m paydalanıladı, ja`miyatta shegiw, alkogol ishimlikler, narkotik zatlar ha`m sog`an usag`an paydalanıwg`a baylanıslı za`rerli jag`daylardı payda etedıı.

«Insan - do`gerek-a`tirap» sistemasın ha`r tu`rli komponentleri energiya ha`m informatsiyalardı xarakterli ma`seleler ag`ımın to`mendegishe ko`rsetemiz:

**Ta`biy ortalıqtın` tiykarg`ı ag`ımları.**

- quyosh nurlanıwı, juldız ha`m planetalar nurlanıwı;
- kosmik nurlar, shan`, asteroidlar;
- jerndin` elektrha`m magnit maydanı;
- ekosistemalarda, biosferada zatlar aylanıwı;
- atmosfera, gidrosfera ha`m litosfera jag`dayları usı sonın` ishinde tosattan bolıwshı jag`daylar;
- basqalar.

**Texnosferadag`ı tiykarg`ı ag`ımlar.**

- shiyki zat, energiyalar ag`ımı;
- sotsiyallıq taraw o`nimlerinin` ag`ımları;
- sotsiyallıq taraw shıg`ındıları;
- turmıslıq shıg`ındılar;
- informatsiya ag`ımları;
- transport ag`ımları;
- jaqtılıq ag`ımları (jasalma jaqtılandırıw);
- materiallar ha`m texnogen avariyalardag`ı energiya ag`ımları;
- basqalar.

**Ja`miyetlik ortalıqtın` tiykarg`ı ag`ımları.**

- informatsiya ag`ımları (oqıtıw, ma`mleket basqarıwı, xalıq-ara baylanıs basqalar);
- adamlar ag`ımı (demografik partla, xalıq urbanizatsiyasi);
- narkotik , alkogol quralları ha`m basqa ag`ımlar;
- bashqalar.

**O`mir qa`wipsizligi barısında inson paydalanatug`ın ha`m shıg`aratug`ın tiykarg`ı ag`ımlar.**

- kislorod, azıq-awqat, suw ha` sotsiyallıq taraw basqa materiallar (alkogol, temeki, narkotikler) ag`ımları;

- energiyalar ag`ımı (mexanik, ıllılıq, quyash ha`m basqalar);

- informatsiya ag`ımları;

-o`mir qa`wipsizligi barısında shıg`ındılar ag`ımı ;

-basqalar.

**O`mir qa`wipszligi kursının` qısqasha mazmunı**

O`mir qa`wipsizligi insandı ha`r qanday ortalıqtag`ı iskerligine onın` qa`wipsizlik ha`m den sawlıg`ın ta`miyinlewshi , qa`wipli ha`m za`rerli na`rselerden qorg`anıwshı a`meliyat ha`m teoriyanı o`z ishine alg`an ilmiy bilimler jıynag`ı.

Bul pa`n to`mendegi tiykarg`ı ma`selelerdi sheshedi:

- a`trap do`gerektin` qolaysız ta`sirlerinen ajıratıp belgileydi (anıqlaydı ha`m sanlı bahalaydı);

- insandı qa`wiplerden qorg`aydı yamasa og`an qolaysız na`rseler ta`sirinenin` aldın aladı ;

- qa`wipli ha`m za`rerli na`rselerdin` ta`siri keri aqıbetlerin toqtatıw;

- ortalıq insang`a jaqsı, ıqsham sharayat jaratıw.

O`mir-qa`wipsizliginin` integral ko`rsetkishi o`mirdin` dawamı bolıp esaplanadı. Tsivilizatsiya da`wiri (ilimiy-texnikanın`, sotsiyallıq rajlanıw, awıl xojalıg`ın industrlastırıw, ha`r tu`rli

energiyalardan paydalanıw - yadro energiyasına shekem, jan`a mashina ha`m mexanizmlerdin` jaratılıwı, zıyankeslerge qarsı ha`r tu`rli da`rilerdin` qollanılıwı) insan den sawlılıg`ına keri ta`sir etii za`rerli na`rseler mug`darın sezilerli da`rejede ko`beytip atır.Sol sebepli usı na`rselerdi qorg`aw insan o`mir qa`wipsizligin ta`miyinlewdin` kerekli elementi bolıp qalmaqta.

Adamzat payda bolg`annan baslap o`zinin` ko`beyiwi dawamında ja`miyetdi rawajlandırıw menen birge qa`wipsizliktin` ja`miyetlik-sotsiyallıq sistemasın jaratadı. Bunın` aqıbetinde insang`a za`rerli ta`sirler sanının` asıwına qaramastan insannın` qa`wipsizlik da`rejesi artadı. Ha`zirgi waqıtda en` rawjlang`an ma`mleketlerde ortasha o`mir ko`riw 77 jastı quraydı.

“Insan o`miri qa`wipsizligi” kursı insan arganizmi ha`m do`gerek a`tirap ortasındag`ı quramalı baylanıslardı biliwdin` barısın ko`zde tutadı. Insandı ortalıq ta`siri fizikalıq nızamlar boyınsha ortalıqtın` barlıq sho`lkemlestiriwshilerin (komponentleri) qarama-qarsı ta`sirin ju`zege keltiredi. Insan organizmi ol yaki bul ta`sirlerin maslasıwshegarasınan almasqansha awrıwsız qabıl qıladı.

O`mir qa`wipsizligi to`mendegi ma`selelerdi ko`rip shıg`adı:

- turmıslıq ortalıqtag`ı qawipsizlik;
- islep shıg`arıw sharayatındag`ı qa`wipsizlik;
- qala sharayatındag`ı o`mir qa`wipsizligi;
- a`tirap sharayatındag`ı qa`wipsizlik;
- tınıshlıq ha`m urıs waqtındag`ı tosattan bolatug`ın jag`daylar.

***Turmıslıq ortalıq*** – bul turmıslıq sharayatdag`ı insang`a ta`sir qılıwshı ha`mme pintsiplerdin` jıyındısı. Organizmdi turmıslıq printsiplerge reaktsiyasın pa`nnin` salamatlıq turmıs da`wiri,salamatlıq turmıs ta`rzinin` kesellik profilaktikası menen baylanısılı ma`selelerge atalg`an temalardı oqıw mu`mkin.

***Islep shıg`arıw sharayatı*** – bul miynet iskerligi barısında insangg`a ta`sir qılıwshı insonga ta`sir qiluvchi printsipler jıyındısı.

Ta`biy ortalıqtag`ı qa`wipsizlik – bul ekologiyanın` tarawlarınan biri.

Ekologiya organizdi do`gerek a`trap penen o`z-ara ta`siri nızamların u`yrenendi.

## Juwmaqlaw

Ka`rxanalarda ha`m oqıw orınlarında insan o`miri qa`wipsizligin qorg`awdın` o`zine ta`n bolg`an o`zgeshelikleri atamasındag`ı bul pitkeriw qaniygelik jumısı tikarınan u`sh bo`limnen turıp onda birinshi bo`limde Insan o`miri qa`wipsizligi haqqında tu`sinikler ha`m anıqlamalar, O`mir qa`wipsizliginin` huqıqıy tiykarları haqqında ulıwma tu`sinik berilgen onda O`mir qa`wipsizligi– bul insannın` kundelikli jasawı, dem alıwı ha`m jasaw ta`rizi ekenligi insan o`miri barısında onı orap turg`an barlıq ortalıg`ı menen u`zliksiz baylanısta bolatug`ınlıg`ı, bu'gingi ku'nde jer sharında bolıp atırg'an ta'biyiy, h'a'm texnogen qa'siyetli ayırıqsha jag'daylardın' insa'niyat osimlikler h'a'm h'aywanlar o'miri ushın qa'wpi h'a'm olarg'a antropogen ta'sirlerdin' na'tiyjesinde ta'biyattag'ı baylanıslardın' buzılıwı h'a'qqın da mag'lıwmat berilgen..

Student O'mir qa'wipsizligi pa'ni boyınsha regionımızda payda bolatugın mashqalalar boyınsha ulıyama tusinik beriw menen birge O'zbekstan Respublikası Prezidenti h'a'm O'zbekstan Respublikası Ministrler kabineti ta'repinen shıg'arılg'an nızamlar h'aqqında u'yrenip h'a'm sol tiykarda bilimin asırıwg`a boladı. Biosfera, texnosfera haqqında ken`nen toqtap o`tilgen

Miynet etiw protsessinde adamnın` qa`wipsizligi, salamatlıg`ı ha`m islew qa`biletin saqlawdı ta`miyinlewshi nızamlar sisteması ha`mde olarg`a tuwrı keletug`ın ekanomikalıq, sho`lkemlestiriw, texnikalıq, gigenalıq ha`m emlewdin` aldın alıw ilajları ha`mde quralları haqqında su`wretleri menen ko`rsetilip tu`sinik berilgen.

O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksi 21-dekabr` 1995-jıl Oliy Ma`jlisinin` №161-1-sanlı qararı, `zbekstan Respublikasının` puqaralıq qorg`anıwı haqqındag`ı nızamı 26-may 2000-jıl Oliy Ma`jilis ko`rip shıg`ılg`an ha`m qabıl etilgen. Bull nızam o`z ishine V-bo`lim ha`m 23 stat`yaları ondag`ı qaralg`an qararlar haqqında aytıp o`tken.

Ka`rxanalarda o`rttin` aldın alıw ha`m og`an qarsı gu`resiw sharaları haqqında toqtap o`tilgen. Partlaw qa`wipi boyınsha xanalardın` gruppaları, o`rt qa`wpi boyınsha xanalardın` klassifikatsiyalanıwı haqqında mag`lıwmat berilgen.

O’mir qa’wipsizligi pa’nin u’yrengen talaba to’mendegi wazıypalardı orınlawı kerek.

O’zbekstan Respublikası Prezidenti h’a’m O’zbekstan Respublikası Ministrler kabineti ta’repinen shıg’arılg’an nızamlar h’aqqında u’yrenip.

Adamlarda, o’simliklerde h’a’m h’aywanlar arasında tarqalatug’ın juqpalı kesellikler h’aqqında erkin pikrge iye bolıwı ha`m usı keselliklerdin` alın alıw jag`dayları biliw kerekligi haqqında so`z etilgen.

Ekonomikalıq obektler qa’wipsizligi h’a’m qa’wipsizlik deklaratsiyası h’aqqında teren’irek biliwleri kerek.

## A’debiyatlar

1. Karimov İ.A. Wzbekiston XXI asr bwsag’asida. Xavfsizlikka tah’did, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. Toshkent, “ O’zbekiston”, 1977 y.

2. Karimov İ.A. O’zbk xalqi h’ech qachon va h’ech kimga qaram bwlmaydi. T.: «O’zbekiston», 2005

3. O’zbekiston Respublikasining «Ah’olini va h’ududlarni tabiiy h’amda texnogen xususiyatli favqulodda vaziyatlardan muh’ofaza qilish twg’risida»gi qonuni. 1999 yil 20 avgust./Karimov İ.A. O’zbekiston XXI asr bwsag’asida. Xavfsizlikka tah’did, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. Toshkent, “ O’zbekiston”, 1977 y.

4. Karimov İ.A. O’zbk xalqi h’ech qachon va h’ech kimga qaram bwlmaydi. T.: «O’zbekiston», 2005.

5. O’zbekiston Respublikasining «Ah’olini va h’ududlarni tabiiy h’amda texnogen xususiyatli favqulodda vaziyatlardan muh’ofaza qilish twg’risida»gi qonuni. 1999 yil 20 avgust

6.Konstituttsiya Respubliki Uzbekistan. 8.12.1992.j

7. Zakon RUz. «Ob oxrane truda». 6.05.1993 j

8. Zakon RUz. «O terrorizme»

9. Zakon RUz. «O grajdanskoy zashite» 26.05. 2000 j

10. Zakon RUz. «O radiatsionnoy bezopasnosti» 31.08. 2000j

11. Kodeks o trude RUz.

12. Ekologiya i bezopasnost` jiznedyatel`nosti/ Subanov.B.D, Dodobaev Ю.T. uchyobnoe posobie-Toshkent 2003.

13. Osnovı ekologi/ Valukonis G.Ю, Muradov Sh.O. uchyobnıy posobie-Toshkent, 2001

14. Zakon RUz. «O gosudarstvennom sanitarnom nadzore».

15. Zakon RUz. «Ob oxrane zdarov`ya grajdan»

Mazmunı

Kirisiw……………………………………………………………………1-5
1. Insan o`miri qa`wipsizligi haqqında tu`sinikler ha`m anıqlamalar………6-9
2. O`mir qa`wipsizliginin` huqıqıy tiykarları………………………………..10-11
3. Ka`rxanalarda o`rttin` aldın alıw ha`m og`an qarsı gu`resiw sharaları □□12-18
4. Partlaw qa’wipi boyinsha bo’lmelerdin’ gruppalari ………………………19
5. O’rt qa’wipi boyinsha bo’lmelerdin’ klassifikatsiyasi…………………….20-22
6. O`mir ushın qa`wipli jag`daylar tuwılg`anda ha`m bolg`anda xalıqtı evakuatsiya qılıw jollari. ……………………………………………………23-30
7. Baqıtsız ha`diyselerde birinshi ja`rdem ko`rsetiw………………………..31-34
8. Jaraqatlang’anda ha’m zahim jegende birinshi ja’rdem ko’rsetiw……….35-38
9. Elektr tog’inan jarahatlang’an adamg’a birinshi ja’rdem ko’rsetiw………39-41
10. Ku’ygende ha’m suwiq urg’anda birinsh ja’rdem ko’rsetiw……………..42-43
11. Za’harlengende birinshi ja’rdem ko’rsetiw……………………………….44
Bir saatlıq is jobası…………………………………………………….45-49
Juwmaqlaw……………………………………………………………….50-51
Paydalang`an a`debiyatlar…………………………………………………52